**Муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение:**

**«СОШ с.Гендерген»**

| Рассмотрено | Согласовано | Утверждаю |
|---|---|---|
| на заседании МС | Заместитель директора по УВР | Директор школы |
| _____________ | _________ | _________ |
| №1 от «17» августа 2023 г | А.Х.Арзуев | В,В.Магамгазиев |
| | «28» августа 2023 г. | «29» августа 2023 г. |

# ФОНД ОЦЕНОЧНЫХ СРЕДСТВ

5-11 классы

по учебному предмету/курсу «Чеченский язык»

с.Гендерген

2023

## 5 – 11 классийн дешархойн йозанан талламан белхийн маххадор

### I. Талламан болх (диктант)

**1. Дешаран шарахь 5–11 классашкахь талламан диктантан барам**

5 класс – 80–90 дош
6 класс – 90–105 дош
7 класс – 105–120 дош
8 класс – 120–135 дош
9 класс – 135–150 дош
10 класс – 150–160 дош
11 класс – 160–170 дош
(Дешнаш дагардеш, гIуллакхан къамелан дакъош а лору).

**2. Талламан диктантан маххадор**

**«5»** – 0/0, 0/1, 1/0 сов гIалат (орфографически а, пунктуационни а) дацахь;
**«4»** – 2/2, 1/3, 0/4, 3/0, 3/1 сов гIалат дацахь;
**«3»** – 4/4, 3/5, 2/7, 5/4, 6/3 сов гIалат дацахь;
**«2»** – 4/4, 3/5, 2/7, 5/4, 6/3 сов гIалат делахь.

Дешархочун талламан балха тIехь гIалат лара деза, муьлхха а нийсайаздаран а, пунктуацин а бакъо талхош, диктант йазйале оццу классехь йа цул лахарчу классашкахь Iамийнчух иза хилахь. Нагахь санна талламан диктантехь 5 нисдар (нийса цайаздинарг нийсачуьнца хийцина) хилахь, оценка цхьана баллана лахйо, иштта «5» ца дуьллу, диктантехь 3 йа цул сов нисдар хилча.

**Оценка йуьллуш, ца лоруш дуьту:**

– тилкхаздаьлла гIалат (описка), масала, *белхало* хила дезачохь *белхано* йаздинехь, *Iуьйре* хила дезачохь *Iуьйле* йаздинехь;

– къовсамечу меттигашкахь чолхечу дешнийн нийсайаздар, масала: *пайдаэцар – пайда эцар, нийсайаздар – нийса йаздар, гIодар – гIо дар;*

– дешнашкахь дифтонгаш йазйар: *къега – къиэга, терса – тиэрса, оза – уоза, йеха – йиэха,* и. д. кх. а;

– цIердешан къовсаме йаздар: *дарц – дарцан – дорцан; мох – мохо – махо,* и. д. кх. а.

**Даккхий гIалаташ лору:**

– хьалха Iамийна а, йозанехь алсам пайдаоьцуш а йолу нийсайаздаран, пунктуацин бакъонаш талхош долу гIалаташ;

– мукъазчу элпашна йуккъе йаздеш долу къасторан хьаьркаш, масала: *хIаллакъхилла, (хIаллакьхилла), меттахьхьайра (меттахъхьайра);*

– ихначу хенан хандешнийн йаздар, масала: *бохара (бохура), моьттара (моьттура);*

– цIердешнийн хIокху кепара йаздар: *дечган (дечиган), аьчган (эчиган);*

– цIердешнаш а, билгалдешнаш а йацйиинчу кепехь йаздар, масала: *гIулкх (гIуллакх), гIилкх (гIиллакх), дикниг (диканиг).*

Цхьана бакъонна даьккхина хьалхара кхо гIалат цхьа гIалат лору, цу тайпана кхин дIа долу гIалат лоруш ду.

**Диктантах а, тIедахкарех а** (фонетикин, лексикин, нийсайаздаран, грамматикин, пунктуацин) лаьттачу талламан белхашкахь **ши оценка** йуьллу (диктантана а, тIедилларна а).

**ТIедахкарийн маххадоран барамаш**

**«5»** – массо а тIедиллар нийса кхочушдина;

**«4»** – тIедахкарийн ¾ дакъа нийса кхочушдина;

**«3»** – болх эханал кIезиг кхочуш ца бина;

**«2»** – болх кхочуш ца бина йа эханал кIезиг кхочушбина.

**Билгалдаккхар:**

ТIедиллар кхочушдарехь даьхна нийсайаздаран а, пунктуацин а гIалаташ, диктантан мах хадош, лору.

**I. Талламан болх (дешнийн диктант)**

**1. Дешаран шарахь 5–11 классашкахь талламан дешнийн диктантан барам**

5 класс – 10–15 дош

6 класс – 15–20 дош

7 класс – 20–25 дош

8 класс–25–30 дош

9 класс–30–35 дош

10 класс–35–38 дош

11 класс–38–40 дош

**2. Талламан дешнийн диктантан маххадор**

**«5»** – гIалаташ ца даьхна;

**«4»** – 1–2 гIалат;

**«3»** – 3–4 гIалат;

**«2»** – 5 йа цул сов гIалат.

**Талламан болх (диктант) кхочушбайтарехь**
**хьехархочо пайдаоьцу некъаш**

1. Диктантан текст шен чулацамехь дешархой кхеташ а, хIинцалерчу литературин меттан лехамашца йуьззана нийса йогIуш а хила йеза.

2. Диктантан дерриге а дешнаш дешархошна кхеташ хила деза. КIезиг лелош а, девзаш доцу а дешнаш довзуьйту.

3. Диктантан текстехь хала дешнаш хилахь, и дешнаш йозанан уьн тIе дIайаздо.

4. Текст хьехархочо дIайешар литературин меттан норманашца нийса а, муха йаздан деза дешархошна дIа ца хоуьйтучу кепара а хила деза. Масала, *кIайн, халкъан* бохучу дешнашкахь, литературин меттан нийсааларан норманашца цхьаьнадогIуш, чаккхенгара ***н*** ца олу, ткъа *тайниг, девзиг* дешнашкахь **к**-ний, **г**-ний хьалхахь долу ***и*** элп, ***а*** долуш санна, олу.

Ненан меттан йозанан белхийн маххадоран чIагIбина барамаш лелоро гIо дан декхар ду ненан мотт хьехаран говзалла лакхайаккхарна а, Iаморан а, талларан а кепехь болчу йозанан белхийн лехамаш цхьанакепара хилийтарна а.

ХIора дешаран шо долалуш, хьалхарчу чийрикехь талламан белхан (диктантан) текстехь дешнийн дукхалла дIадахана дешаран шо чекхдолуш хиллачу талламан белхан дешнийн барамехь маго йеза.

**Сочиненин а, изложенин а маххадор**

Сочинени а, изложени а йазйар дешархойн дозуш долу къамел кхиоран коьрта кепаш йу.

5–11-чуй классашкахь сочинени, изложени йазйар дIахьо, «Дозуш долу къамел карадерзор» программин декъан лехамашца догIуш.

Сочинени а, изложени а йазйарехь толлу:

– билгалйина тема схьайелла хаар;

– темица а, хьесапца а догIуш, меттан гIирсех пайдаэца хаар;

– меттан барам а, нийсайаздаран бакъонаш а ларйар.

**Сочиненин а, изложенин а чулацаман мах хадош, тидаме оьцу хIара критереш:**

– болх темица богIуш хилар;

– тема кхачо йоллуш схьайеллар;

– чулацаман хиламийн рогIалла нийса хилар;

– меттан исбаьхьаллин гIирсех пайдаэцар;

– къамелан говзалла.

Нийсайаздаран мах хадабо, дешархочо даьхначу нийсайаздаран, пунктуацин, грамматикин гІалаташка хьаьжжана. Изложенин текст йозуш а, дешархой шех кхеташ а, кхетош-кхиоран, Іаморан маьІна долуш а хила йеза. Изложенина хаьржина текст хьехархочо шозза йоьшу.

**5–11 классашкахь изложенин текстан барам**

**Ма-йарра изложени**
5 класс – 90–129 дош
6 класс – 130–169 дош
7 класс – 170–209 дош
8 класс – 210–249 дош
9 класс – 250–299 дош
10 класс–300–349 дош
11 класс–350–400 дош

**Йацйина изложени**
5 класс – 95–134 дош
6 класс – 135–179 дош
7 класс – 180–229 дош
8 класс – 230–269 дош
9 класс–270–309 дош
10 класс–310–359 дош
11 класс–360–410 дош

**10–11-чуй классашкахь йазйечу сочиненин текстан барам**
5 класс – 60 дашал сов;
6 класс – 80 дашал сов;
7 класс – 120 дашал сов;
8 класс – 160 дашал сов;
9 класс – 220 дашал сов;
10 класс – 280 дашал сов;
11 класс – 360 дашал сов.

## Сочиненин а, изложенин а махходаран барамаш

Сочиненина а, изложенина а ши оценка йуьллу: хьалхарниг – чулацамна, шолгІаниг – нийсайаздарна.

**«5» дуьллу:**

– нагахь текст хьалха-тІаьхьа нийса а, йуьззана а, цуьнан идейни чулацамах нийса кхетош а, гІалаташ доцуш а, галдаьккхина хІума доцуш а

йийцинехь; белхан чулацамехь цхьаннал сов кхачамбацар а, дешнаш харжарехь йа предложенеш хIитторехь шиннал сов къамелан кхачамбацар а дацахь;

– шиннал сов нийсайаздаран йа шиннал сов пунктуацин, йа шиннал сов грамматикин гIалат дацахь.

**«4» дуьллу:**

– нагахь идейни чулацам нийса а бийцинехь, дуьйцучу гIуллакхийн йерриг коьрта меттигаш хьалха-тIаьхьа хила оьшучу кепара а йийцинехь; белхан чулацамехь шиннал сов кхачамбацар а, дешнаш харжарехь йа предложенеш хIитторехь деаннал сов къамелан кхачамбацар а дацахь;

– кхааннал сов нийсайаздаран, шиннал сов пунктуацин а, йа шиннал сов нийсайаздаран, кхааннал сов пунктуацин а, йа цхьаннал сов нийсайаздаран, цхьаннал сов пунктуацин, кхааннал сов грамматикин а гIалат дацахь.

**«3» дуьллу:**

– чулацам коьртачу декъана нийса а бийцинехь, бакъдерш гайтарехь цхьаъ-шиъ нийса йоцу меттиг а йелахь, хьалха-тIаьхьа гIуллакхаш дийцарехь ладам боццу ледарлонаш а йовлийтинехь; белхан чулацамехь деаннал сов кхачамбацар а, дешнаш харжарехь йа предложенеш хIитторехь пхеаннал сов къамелан кхачамбацар а дацахь;

– пхеаннал сов нийсайаздаран, деаннал сов пунктуацин а, йа деаннал сов нийсайаздаран, пхеаннал сов пунктуацин а, йа шиннал сов нийсайаздаран, шиннал сов пунктуацин, деаннал сов грамматикин а гIалат дацахь.

**«2» дуьллу:**

– чулацам темица цхьаьнабогIуш бацахь, дуьйцучу гIуллакхийн хьалха-тIаьхьалла галйаьккхинехь, меттан хьал къен делахь, текстан стилан цхьаалла галйаьккхинехь; белхан чулацамехь деаннал сов кхачамбацар а, дешнаш харжарехь йа предложенеш хIитторехь пхеаннал сов къамелан кхачамбацар а делахь;

– пхеаннал сов нийсайаздаран, деаннал сов пунктуацин а, йа деаннал сов нийсайаздаран, пхеаннал сов пунктуацин а, йа шиннал сов нийсайаздаран, шиннал сов пунктуацин, деаннал сов грамматикин а гIалат делахь.

## Тестийн маххадор

**«5»** дуьллу, нагахь дерриг а хаттаршна 90% – 100% нийса жоьпаш деллехь;

**«4»** дуьллу, нагахь дерриг а хаттаршна 80% нийса жоьпаш деллехь;

**«3»** дуьллу, нагахь дерриг а хаттаршна 50% – 70% нийса жоьпаш деллехь;

**«2»** дуьллу, нагахь дерриг а хаттаршна 50% лахара нийса жоьпаш деллехь.

## Тетрадаш тӀехь гӀалаташ билгалдахар

Белхаш толлу цӀен шекъа долчу ручкица.

Хьехархочо 5–9-чуй классашкахь белхан а, талламан белхан а тетрадаш тӀехь гӀалаташ, (нийсайаздаран, пунктуацин, грамматикин), нис а дой, цӀечу сизал дехьа билгалдоху билгалонийн хьаьркашца. Ткъа кхоллараллин белхашкахь, цул сов, къамелан, маьӀнин, фактийн гӀалаташ (оьшучохь нис а деш), тулгӀенан сиз хьокхий, цӀечу сизал дехьа билгалдоху билгалонийн хьаьркашца.

10–11-чуй классашкахь гӀалаташ (нийсайаздаран, пунктуацин, грамматикин), буха ши сиз а хьокхий, нис а ца деш, цӀечу сизал дехьа билгалдоху билгалонийн хьаьркашца. Ткъа кхоллараллин белхашкахь, цул сов, къамелан, маьӀнин, фактийн гӀалаташ (оьшучохь нис а деш), тулгӀенан сиз хьокхий, цӀечу сизал дехьа билгалдоху билгалонийн хьаьркашца.

ГӀалаташ билгалдоху хӀокху билгалонийн хьаьркашца:

I – нийсайаздаран гӀалат;

V – пунктуацин гӀалат;

Г – грамматикин гӀалат;

Къ – къамелан гӀалат;

М – маьӀнин гӀалат;

Ф – фактийн гӀалат.

## ГӀалаташ тӀехь болх бар

ГӀалаташ тӀехь болх кхочушбо талламан йа кхоллараллин белхаш теллинчул тӀаьхьа.

Дешархоша гӀалаташ тӀехь болх бо хьехархочун гӀоьнца. ГӀалат даьккхина меттиг сиз хьакхарца билгал а йоккхий, дешнаш йа предложенеш нийса дӀайазйо. ХӀора гӀалат даьккхинчу бакъонна масех масал а дӀайаздан деза.

**«Нохчийн мотт» 1аморан низамехула мах хадоран г1ирсийн паспорт.**
**5 класс**

| № | Г1ирсийн ц1е | Чийрик | Тема | Кеп |
|---|---|---|---|---|
| **Синтаксис а, пунктуаци а** | | | | |
| 1 | Талламан диктант «Бекъа» | 1 | Карладаккхар | Диктант |
| 2 | Изложени «Ден весет» | 1 | Дешнийн цхьаьнакхетарш. | Изложени |
| 3 | Талламан диктант «Зайнди» | 1 | Предложенин коьрта меженаш | Диктант |
| **Предложенин коьртаза меженаш** | | | | |
| 4 | Сочинени «Дашо гуьйре» | 2 | Предложенин коьртаза меженаш | Сочинени |
| 5 | Талламан диктант «1а» | 2 | Ма-дарра къамел.Ма-дарра къамелехь сацаран хьаьркаш | Диктант |
| **Фонетика, графика, орфографи** | | | | |
| 6 | Изложени «Майра хьаша» | 3 | Фонетика, графика, орфографи | Изложени |
| 7 | Талламан болх. | 3 | Лексикологех 1амийнарг карладаккхар. | Тест |
| 8 | Талламан диктант «Жа дажош» | 3 | Дешан х1оттам | Диктант |
| **Лексикологи** | | | | |
| 9 | Сочинени «Б1аьстенан Iалам» | 4 | ЦIердош | Сочинени |
| 10 | Шеран талламан диктант «Б1аьстенан суьйре.» | 4 | 5-чу классехь 1амийнарг карладаккхар | Диктант |

| **5 класс<br>Нохчийн мотт** | | |
|---|---|---|
| **Карладак кхар** | **Талламан диктант** | **«Бекъа.»**<br>Дешаран шо чекхделира. Т1екхечира аьхкенан каникулаш. Хьуьсен Идрис волчу бригаде балха вахара. Сатоссуш хьала а г1оттий, бекъа 1амо волалора иза. «Казбек, схьало ког! Казбек, гора х1отта!»-бохуш 1амайора Хьуьсена иза.<br>Инзаре дара Хьуьсен дуьххьара цунна т1ехууш. Бекъо охьатоьхна лазорна кхоьруш, наха т1ехаа ца вуьтура иза.<br>Амма к1ант кхоьруш вацара. Бекъан амал дика евзара цунна. Дуьрстанан гаьллаш бага а йоьхкина, бекъа керта юххе а оьзна, т1ехиира Хьуьсен. Казбек т1ехьарчу когаш т1е ира а х1уьттуш, готийсаелира.<br>Вехха идийра цо иза, амма Хьуьсен ч1ог1а 1ара говрахь. Дика хаьара цунна говраца шен дег1 лело….<br>(90 дош. Х.-А.Берсанов. «Вайн махкара акхарой а, олхазарш а.)<br>**Грамматически т1едахкарш.**<br>1.) *3-чу абзацера схьаязде:*<br>1-ра вариант-*ц1ердешнаш.* 2-г1а вариант-*билгалдешнаш.*<br>2.) *К1ел сиз хьаькхначу дешнийн дожарш билгалде.* |
| **Предложенин коьрта меженаш** | **Талламан диктант** | **«Зайнди»**<br>Аьхкенан юккъера бутт т1екхечира. Цу баттахь къаьсттина денош довха дог1ура. Еарин дийнахь сахуьлуш г1аьттина Бисолта мангал хьакха вахара. Цу дийнахь луларчу юьртахь базар яра. Кхо герга даьтта а эцна, Аруха цу базара яха елира. Цо ша базар яхале дуккха а г1уллакхаш дехкира Зайндина т1е….<br>Бода къовлалуш, еана ц1а кхечира Аруха. Цунна шайн кертахь хилла къаьхьа де гира. Д1асахьежарх, мохь тохарх, Зайнди-м ца каравора…<br>Бисолтий, Арухий дукха хан ялале, шаьшшинна суьйренан х1ума а йиъна, охьадижира. И шиъ башха Зайнди лаха сингаттам болуш а дацара.<br>(83 дош. Бадуев С. )<br>**Грамматически т1едиллар.**<br>*Синтаксически таллам бе.*<br>1-ра вариант-*1-ра предл.* 2-г1а вариант-*2-г1а предл* |
| **Предложенин коьртаза меженаш** | **Сочинени** | **«Дашо гуьйре»** |

<table>
<tr>
<td>Ма-дарра къамел.Ма-дарра къамелехь сацаран хьаьркаш.</td>
<td>Талламан диктант</td>
<td>«1а»<br>1а 1аламехь уггар шийла хан ю. Муха хуур ду, 1а доьлча?<br>Халкъо олуш ду: «Малх ц1а кхаьчча, 1а дулу». Иза нийса ду. Де уггар дацделла хан хуьлу иза. Цул т1аьхьа дог1у масех де кхин хийца ца луш льаьтта. И денош д1адевлча, де дахдала долало. 1аьнан уггар шийла цхьа мур хуьлу. Цунах чилла олу. Чилла юлу 1а доьлла ткъа де д1адаьлча. Иза шовзткъа дийнахь-бусий лаьтта.<br>Чиллахь, г1айба санна, т1е ло а диллина, массо генаш лаьтта х1уьттуш букардахна хуьлу дитташ, коьллаш. 1аьнан хьун, хьежа ца к1ордош, исбаьхьа хаза хуьлу. Х1аваъ ц1ена саде1а атта долуш.<br>(94 дош. Хь.Хасаев. «1аьнан чиллахь.»)<br><br>Грамматически т1едахкарш.<br>1.) Билгалдаха деха мукъа аьзнаш.(Кеп. Ш<u>и</u>йла)<br>2.) Схьаязде:<br>1-ра вариант-мукъаза шалха ши элп ул-уллохь лаьтташ долу дешнаш.<br>2-г1а вариант -шала мукъаза элпаш шайца долу дешнаш.</td>
</tr>
<tr>
<td>Фонетика, графика, орфографи</td>
<td>Изложени</td>
<td>«Майра хьаша»<br>Г1алара хьаша веара тхо долчу. Казбек яра цуьнан ц1е. тхан хенара вара иза. Жима хиларх, хьаша-хьаша ма ву. Цундела, вайн г1иллакхо ма-хьоьхура, лорура оха иза, тхешан ма-хуьллу там бора. Тамашийна амал яра хьешан: ловза вог1уш а ц1ена бедарш юхура цо. Тхоьга т1еххула хьоьжура иза, ша массарел воккха, хьекъале хетара. Хабар дийца ч1ог1а лууш вара.<br>Шена экскурсехь гинарг, т1аккха яккхийчу г1аланашкахула лелар дуьйций, багош г1овтийначохь дуьтура цо бераш. Иштта дийцира тхо тхуна, цхьана дийнахь хьуьнхахь ша текхарг муха лецира.<br>Х1орш, цхьа тоба бераш, лам т1е девлла хиллира. Ловзуш, х1орш д1адоьлхуш, кхарна хьалхха, шок а тоьхна, т1еболабелла цхьа къорза лаьхьа. Х1окхо х1ума а кхера ца луш, лога т1е ког а билийнаа, багара мотт ч1ешалгаца оззийна схьабаьккхина.<br>Цо и дийцинчу шолг1ачу дийнахь эвлайистехь ловзуш дара тхо. Цхьана хенахь тхан хьешан-«Вай, мама-а!»-аьлла мохь белира. Д1аиккхира иза. Оццул майра к1ант кхейрийнарг х1ун ю техьа аьлла, цецбевлла, т1едахара тхо. 1абдулла вара цхьа юткъа-1аьржа боьхьа х1ума когашца юьйш воллуш.</td>
</tr>
</table>

| | | |
|---|---|---|
| | | -Вуй, Казбек, юькъачу хьуьнхахь боккхачу текхарган багара мотт бaьккхина волу хьо х1окху жимачу х1уманан х1унда кхеравелла?-бехк бaьккхира оха.<br>-Суна гинарг-м яцара жима,-бехказа вуьйлира хьаша.<br>**План**<br>1.Г1алара хьаша.<br>2. Хьешан тамашийна амал.<br>3.Хьешо лаьхьанан мотт схьабаккхар.<br>4.Казбекан кхеравалар.<br>5.Бехказло. |
| **ЦIердош** | **Сочинени** | **«Б1аьстенан Iалам»** |
| **Фразеоло-гизмаш** | **Изложе-ни** | **«Хьоза»**<br>Талла вахана ,беша юккъехула схьавог1уш вара со. Суна хьалха дедда доьдуш ж1аьла дара . Ц1еххьана шен болар лаг1дина ,теба дуьйлира иза,шена хьалха цхьа олхазар долуш санна.Бешан йохалла д1асахьаьжча,з1акаран уллеш можа а йолуш, коьрта т1ехь месала пелагаш а долуш, жима хьоза гира суна.Бена чуьра охьадоьжнера иза (мохо ч1ог1а лестадора бешара дитташ),меттах ца хьовш хиина 1ара иза,х1етта девлла дог1у т1емаш,г1ор доцуш, даржа а дина.<br>Сан ж1аьла жим –жимма доьдуш гергадахара цунна, ц1еххьана уллорчу дитташ т1ера цунна хьалха охьадуьйжира, некха т1ера пелагаш 1аьржа а долуш долухьоза-бага г1аттийна цергаш гуш 1ечу ж1аьлина,хьалха дусаделла буьрса хьерадаьлча санна ,цкъа , шозза д1ай-схьай иккхира иза.<br>Шен к1орнина хьалха иккхина иза к1елхьараяккхаг1ертара иза. Амма цуьнан жима дег1 кхерамах хебнера дог детталора, аз а лаг1деллера,дала дан хьийзара хьоза,шен дег1 а,са а ца кхоадора цо.<br>Мел доккха ,инзаре хета дезара цуьнна ж1аьла!Амма х1етте ашен лекхачу, кхерамехь доцчу диттан гона т1ехь ца 1ийра иза.<br>**План**<br>1Беша юккъехула схьавог1уш.<br>2.Ж1аьлин теба долар |
| **Дешан х1оттам** | **Талламан диктант** | **«Жа дажош»**<br>Кест-кеста вовшашна уллохь нислора жа дажош волу Ибрах1иммий, бажа бажош волу Ханпаший. Ханпашина цхьац ца тайпа хьехамаш бора воккхачу стага. Цо цунна |

| | | |
|---|---|---|
| | | дуьйцура май раллех а, доьналлех а, стогаллех а лаьцна. Ханпашас боккхачу безамца ладуг1ура воккхачу стага дуьйцучуьнга. Дуьххьал д1а Ханпаша зерхьама, Ибрах1има элира:<br>- Ва, Паша, нехан бежнаш дажош лелар эхь ду ца аьлла хьоьга цхьаммо а?<br>- Эхь хьаха ду нахе сискал йоьхуш лелча, - сихха жоп делира Ханпашас.<br>-Кхул тоьлаш болх бацара хьуна кхузахь?<br>- Сунна нефтекачке балха ваха лаьара, амма со д1а ца оьцу, жима ву бохуш. (91 дош)<br>**Грамматически т1едиллар.**<br>1.*2-чу предл.бе синтаксически къастам.*<br>2.*Цхьанатайпанарчу меженашна буха сиз хьакха.*<br>*3.Карае чолхе предл. амма хуттургаца. Грамм.баххаш билгалбаха*<br>*4.Т1едерзар билгалдаккха.*<br>*5. Автор дешнаш билгалдаха.*<br>*6.Диалог юхxе Д  дилла.* |
| **Дешнийн цхьаьнакх етарш.** | **Изложе-ни** | **«Ден весет»**<br>Цхьана стеган ворх1 к1ант хилла. Мацца а, шех лен цамгар кхетча, дас, кхайкхина и ворх1е к1ант те1 а валийна, цаьрга аьлла:<br>-Ворх1е а, ваха а г1ой, цхьацца сара а бохьуш чувола, аса, со валале, цхьа весет дийр ду шуьга!<br>Цхьацца сара бохьуш, чу а веана, ворх1е а дена хьалха д1ах1оьттина.<br>Дас аьлла: «И ворх1е а сара вовшах а тохий, т1ийриг а хьарчаяй, цхьа ц1ов бе».<br>Шайга аьлларг дина к1енташа.<br>Дас воккхахволчу к1анте аьлла:<br>-Схьаэцал, к1ант, уьш кагдан хьажал.<br>Цу серах дина девзиг, гоьла т1е а те1ош, кагдан г1ертарх, ца кагделла к1анте.<br>Цуьнга санна, вухку вежаршка а аьлла дас. Цаьрга а цхьаьнгге а ца кагделла девзиг.<br>Т1аккха дас аьлла:<br>- И хора сара къаста а бай, ша-ша а баккхий, хьовсал, шайга уьш кеглой.<br>Цо ма-аллара, серий ша-ша даьхна, кегдина.<br>Дас т1аккха шен к1енташка аьлла:<br>-Хьовсал, сан к1ентий. И аша цхьаьна вовшахтоьхна ворх1 сара санна, шу цхьаьна, бертахь, вовшийн г1о деш хилахь, шух адам а кхаьрдар дац, амма шу вовшахдовлахь, |

| | | |
|---|---|---|
| | | наха шу а лорур дац. Барт цхьаъ болуш хилалалш. Барт ч1ог1а маь1на долуш х1ума ду шуна. |
| **Карладак кхар** | **Талламан диктант** | **«1алам»**<br>1алам. И дош доца делахь а, шен чулацам к1оргера болуш ду. Адамийн а, дийна-тийн а, хьаннийн а дахар 1аламах хаьдда хила йиш йолуш дац.<br>Самукъане, хаза б1аьсте чекхъелира. Т1ееара беркате, йовха аьхке. Иза адамаш-на уггар каде мур бу.<br>Акхарой а, олхазарш а синтем боцуш лелара. Цара шайн б1аьста дуьненчу евлла к1орнеш кхиайора, 1алашйора, уьш когайохуьйтура. Малх гучуболлушехь, дохк д1адайра, баца т1ера тхин т1адамаш дакъаделира. Дерриг 1алам, малхана дела а къежаш, д1ах1оьттира.<br>1аламо шен къайленех пайдаоьцуьйтур бу массо а садолчу х1умане.<br>(80дош.Хь.Хасаев.)<br>**Грамматически т1едахкарш.**<br>1.*Кху дешнашна ялае синонимаш*:<br>1-ра вариант хаза (исбаьхьа), каде (т1ахъаьлла).<br>2-г1а вариант самукъане (забаре), беркате (хайр, ни1мат, токхо).<br>2. *Морфологически таллам бе.*<br>1-ра вариант- *1алам, б1аьсте, адам,* 2-г1а вариант-*дош, аьхке, малх.*<br>3. *Дешнийн х1оттам билгалбаккха.*<br>1-ра вариант 2-г1а вариант<br>*чекхъелира, малхана дакъаделира, т1адамаш* |
| **5-чу классехь 1амийнарг карладак-кхар** | **Шеран талламан диктант** | **«Б1аьстенан суьйре.»**<br>Хьаий хьуна, доттаг1а, нохчийн лаьмнашкахь б1аьстенан суьйре мел хаза хуьлу? Гобаькххина, б1аьрг мел кхочу а, гуш хуьлу, говзачу куьйгаша лерина басар хьаькхча санна, лилула-сийна басеш. Царна т1ехь теххачу стеша а, коканийн коьллаша а, хьаьрса-хьечаша а хьалххехь заза доккхий, мел генара юьрта кхачайо цхьа ша-тайпа тамашийна хаза хьожа. Лаьмнашна т1ехьа бала карах ца долуш, тийсалуш, сецалуш, буха г1ертачу малхо шен дашо з1аьнарш басешца д1аяржайой, исбаьхьа суьрташ х1иттош лепо доладо басешна куз хилла 1охку и хаза зезагаш. 1аламан х1оттамах даккхийдеш, царна т1ехула дайн хьийзаш хуьлу басна тайп-тайпана долу полларчий, дахарна саьхьара долу накхаран мозий, з1уганашший. Секха-1одаца кхоьссина пха санна, мозашний, чуьркашний чухеххкалуш, шок етташ, хьийзаш хуьлу т1ам 1аьржа ч1ег1ардигаш. (107 дош) |

**Тест «1амийнарг т1еч1агдар»**

1. **Маса элп ду нохчийн алфавитехь?**
   а) 33;
   б) 39;
   в) 49.

2. **Маса дожар ду нохчийн маттахь?**
   а) 4;
   б) 6;
   в) 8.

3. **Дешан дакъошду**
   а) цIердош, билгалдош, хандош,
   б) орам, суффикс, дешхьалхе;
   в) латтам, кхачам, къастам.

4. **ЦIердашо гойту..**
   а) хIуманан билгало;
   б) хIуманан дар йа хилар;
   в) хIума.

5. **Шиъ шалха элп хьалха-тIаьхьа йозанехь нисделча…**
   а) шиъ шалха элп дIайаздо;
   б) хьалхарчун шолгIа элп ца йаздо;
   в) шолгIачун шалха элп ца йаздо.

6. **Синтаксисо Iамадо…**
   а) къамелан дакъош;
   б) предложенин меженаш;
   в) дешнийн цхьаьнакхетарш, предложенеш

7. **Предложенеш хуьлу…**
   а) дийцаран, хаттаран, айдаран;
   б) гайтаран, къастаман, къастамза;
   в) цхьанатайпанара, цхьанатайпанара йоцу.

8. **Предложенин коьрта меженаш йу…**
   а) орам, суффикс, чаккхе;
   б) подлежащи, сказуеми;
   в) лачкхачам, къастам, латтам.

10. **Хандашах предложенехь хуьлу…**
   а) подлежащи;
   б) сказуеми;
   в) латам.

11. **ЙАьржина предложении олу…**

а) коьрта а, коьртаза меженаш шеца йолчух;

б) еккъа коьртачу меженех лаьттачух;

в) шена чохь хаттар долчух;

14. **Дожаршца легаде хIара дош:**

ЦI. дешархо

Дл.________________________________________________________

Л.________________________________________________________

Др.________________________________________________________

К.________________________________________________________

Х.________________________________________________________

М.________________________________________________________

Дс.________________________________________________________

16. **Лексика олу…**

а) цхьанатайпанарчу меженех;

б) метан дерриг а дешнех;

в) цхьалхечу предложенех

17. **Дакъалг <u>ца</u> цIердашца муха йаздо?**

а) къаьстина;

б) цхьаьна а, къаьстина а;

в) цхьаьна.

18.

19. **Зевне масса элп ду нохчийн алфавитехь?**

а) 13;

б) 15;

в) 17.

19.

20. **Мукъа аз а, элп а маса ду?**

а) 7 аз, 5 элп;

б) 9 аз, 6 элп;

в) 6 аз, 9 элп.

20.

21. **ЦIердешнийн кхолладаларан некъ масса бу?**

а) 3;

б) 9;

в) 5.

21. **ХIара дешнаш схьадевлла ду…**

а) йуьртахо, Iилманах, вешица;

б) йоI, пIелг, компьютер;

в) цIа, некъ, беш.

22. **ЦIердош преложенин меже... хуьлий лела.**

а) латтам;

б) къастам;
в) подлежащи.

23. **Хандашо … гойту.**
а) хIуманан билгало;
б) дар йа хилар;
в) дешнийн уьйр.

24. **ЦIердешнийн маса легар ду?**
а) 1;
б) 3;
в) 4.

25. **Хуттургаш хуьлу…**
а) берта, бертаза;
б) коьрта, коьртаза;
в) цхьаьнакхетаран, карара.

**«Нохчийн мотт» 1аморан низамехула мах хадоран г1ирсийн паспорт.**
**6 класс**

| № | Г1ирсийн ц1е | Чийрик | Тема | Кеп |
|---|---|---|---|---|
| **Билгалдош** | | | | |
| **1** | Талламан диктант «Нана-Даймохк» | 1 | Карладаккхар | Диктант |
| **2** | Сочинени «Ларде вай 1алам!» | 1 | Билгалдош | Сочинени |
| **3** | Талламан диктант «Новкъахь» | 1 | Билгалдош морфологически къастор | Диктант |
| **Терахьдош** | | | | |
| **4** | Изложени «Дуьххьарлера хьехархо» | 2 | Терахьдош | Изложени |
| **5** | Талламан диктант «Ши к1ант тилар» | 2 | Терахьдешний тайпанаш | Диктант |
| **ЦIерметдош** | | | | |
| **6** | Изложени «Мухтар» | 3 | ЦIерметдош | Изложени |
| **7** | Талламан болх №1 | 3 | Ц1ерметдашах 1амийнарг т1еч1аг1дар. | Тест |
| **8** | Талламан диктант «Олхазарийн дуьне.» | 3 | Хандош | Диктант |
| **Хандош** | | | | |
| **9** | Сочинени «Тхан доьзал» | 4 | Хандешнийн хенаш | Сочинени |
| **10** | Шеран талламан диктант «Юьртахь суьйре» | 4 | 1амийнарг карладаккхар | Диктант |

| 6 класс<br>Нохчийн мотт | | |
|---|---|---|
| **Карладак кхар** | **Талламан диктант** | **« Нана-Даймохк»**<br>Бийцина ца валлал, хаза, беркате мохк бу вайн. Тайп-тайпана дитташ долу хьаннаш ю, шера аренаш, лекха лаьмнаш. Чухьаьжча, юьхь-сибат а гуш, бухдуьйлу сирла шовданаш. Исбаьхьа чухчареш ю дешица, детица кхелина.<br>Дитта т1е олхазар хуу. Цо вайга дагара дуьйцу, шен зевне аз вайн дегнех а хьерчош. Т1аккха ойла кхоллало: «Ма хаза а, ма зевне а бу-кх хьо, Нана-Даймохк,»-олий. Иштта вайн мохк хаза, токхе хиларна деха вайца и тайп-тайпана олхазарш.<br>Бес-бесара бецаш ю, шеца олхазаршна дез-деза х1у а долуш. Стоьмаш бу: кхораш, комарш, стеш, хьармакаш (шиповник)… .<br>Уьш олхазарийн даарш ду. Адамаша олхазарийн 1уналла дан деза.<br>1ай арахь яах1ума а латтош, дитташ т1е гуйш а (кормушка) ухкуш…<br>(113дош. С.-М. Гелагаев. «Олхазарийн дуьне-сан дуьне.»)<br>**Грамматически т1едиллар.**<br>*Морфологически таллам бе.*<br>1-ра вариант. 2-г1а вариант.<br>*Аренаш, ойла, стоьмаш.* *Бецаш, кхор, шовданаш*<br>3-г1а вариант.<br>*Мохк, дитташ,нана* |
| **Билгал-дош** | **Сочинени** | **«Ларде вай 1алам?»** |
| **Билгал-дош морфологически къастор** | **Талламан диктант** | **«Новкъахь»**<br>Б1е ткъа километр некъ хьалхалецира автобусо. Х1ара ткъе ворх1азлаг1а вог1уш вара кху новкъа. Т1аьххьарчу ворх1-бархl шарахь-м шера асфальт биллинчу новкъа атта йоьдура автобус.<br>Цо делкъале кхачавора Семёновке. 1одо кхоьссича санна йоьдура и, некъа йистера ялташ ягаръеш. Кхунна х1ора колл евзара кху новкъахь. Колл-м ян а яцара. Аьхкенан малхо къиза ягийна, хьакхаделча куьйга хадор долуш, нилха яьлла йоца ира буц яра.<br>Цхьа 1индаг1 а дацара б1аьрго ма-лоццу д1а, анайистах хотталучу, шерачу, ялта эрина ч1анаяьллачу арахь.<br>Аренна т1е йижинчу йовхонан юькъачу тоьвнан тулг1еш |

| | | |
|---|---|---|
| | | хедош йоьдучу автобус чу довха х1о детталора.88 Шовзткъе пхоьалг1ачу шарахь кхо г1аш бинарг бара х1ара.<br>Х1етахь-м х1ара берриге а г1амаран бара. Ког баьккхича, мачаш къайлайовлура а багош, чуьра когаш а багош…<br>(112дош.Яшуркаев С. "Маьрк1аж-бодан т1ехь к1айн хьоькх.»)<br>**Грамматически т1едахкарш.**<br>1. *Буха сиз хьакха билгалдешнашна а, терахьдешнашна а.*<br>2. *Морфологически таллам бе.*<br>1-ра вариант. 2-г1а вариант.<br>*Ткъе ворх1* *керла (ло)*<br>3-г1а вариант.<br>*ворх1-барх1 (шо)* |
| **Терахь-дош** | **Изложе-ни** | **«Дуьххьарлера хьехархо»**<br>Тхешан куьпарчу берашца школе йигира со а. Мел хаза хетара суна! Моьттура, дерриг дуьне оцу сайн жимачу т1оьрмиг чохь ду, цу чуьрчу абато со цхьана тамашеначу ирсе кхачор ю.<br>Лулахойн бераша хьехархочуьнга д1аелира со. Тхан йишин Элитин хенара йо1 яра иза. Х1етахь дуьйна дуккха а шераш д1адевлла. Амма суна цкъа а диц ц ало и де, сайн дуьххьарлерачу хьехархочун сурт а. Х1инца а гуш санна хета цуьнан эсала, екхна, к1айн горга юьхь, къинхетаме б1аьргаш, букъ буьззина ловзу стомма 1аьржа ши ч1аба, д1аса т1емаш тесна, даьржина 1аьржа ц1оцкъамаш, к1еда аз.<br>Суна а, тхуна массарна а Белител дагна хьоме адам дацара. Цо т1еюьйхина муьлхха коч, тиллина йовлакх, лергех оьхкина ч1агарш, когара мачаш – уьш механа мел йорах хиллехь а, тхуна исбаьхьа исбаьхьа хетара. Тхо дерриш а цунах тардала г1ертара. Тхуна юккъехь тасаделла доттаг1алла милла а хьоьгур волуш, довха, безаме дара.<br>Массанхьа а тхоьца яра Белита. Х1инца а ойла йо ас: цо ешаза книга, цунна ца хууш х1ума хила а хиллий техьа? Муьлхха хаттар шега даларх, эсала ела а къежий, нийса жоп лора цо. Дуьйцура муьлххачу а книгах лоций. Ткъа туьйранаш! Цкъа а к1ордор дацара цаьрга ладог1.<br>(160 дош) А.Айдамиров |
| **Терахь-дош** | **Талламан диктант** | **«Ши к1ант тилар»**<br>Деъна са хилира. Гобаьккхина хьун яра лаьтташ. Цхьана а меттехь некъан лар яцара гуш. |

| | | |
|---|---|---|
| | | Ши к1ант ц1ехьа верза лууш вара. Амма муьлхачу аг1ор ваха веза ца хууш, тиллера и шиъ. Мацвелла кийра 1ийжара.<br>Делкъхан хиллера. Бажа лелла некъаш карийча жимма сапарг1ат даьллера шина к1ентан. Ламанан дежийлашкахь гуш дара жа а, бежнаш а. Дукха гена валале, бетта мохь хезира шина к1антана.<br>Ц1ера т1аьхьа даьлла орца, сахиллалц маьхьарий, детташ, 1аннаш цоьстуш леллера. Лечий, 1алхий царна карор вара, и шиъ цхьаьна аг1ор д1аихна гена ваьлла ца хиллехь.<br>Шаьш 1ачу к1отарара вуьрх1итта-берх1итта километр хиллал д1аихна хиллера и шиъ.<br>(Х-А.Берсанов)<br>Т1едиллар: 1. Терахьдешнаш билгалдаха.<br>2.Кхоалг1ачу предложенина синтакс. къастам бе |
| **Хандешнийн хенаш** | **Сочинени** | **«Тхан доьзал»** |
| **Хандош** | **Талламан диктант** | **« Олхазарийн дуьне.»**<br>Берахь дуьйна хилла со олхазарш дезаш. Х1инца воккха мел хили а, ч1аг1луш схьабог1у сан цаьрга болу безам. Царех вуно ч1ог1а самукъадолу а сан. Дала ма-кхоллара, ц1ена, исбаьхьа ду олхазарийн дуьне. И дуьне девза-черан синош даима а сирла, ц1ена хир ду , Дала азаллехь кхоьллина ма-хиллар.<br>Сан дов хилла олхазарийн бенаш дохош болчаьрца, уьш лазош, заь1апдеш болчаьрца. Уьш адамех теша, ткъа цхьадолу адамаш къиза хуьлу цаьрца, къинхетам бохург х1ун ду а ца хууш. Делах ца кхоьру хир бу-кх уьш.<br>Олхазарша, пайда бар бен, зен ца до.Уьш ца хилча сагалматаш дебар яра. Ораматийн дуьне г1ийла хир дара я хиллане а хир а дацара.<br>Олхазарш вайх тешна ду,-вай царех тешна ду. Дуьненахь Дала мел кхоьллина х1ума вовшашца йоьзна ю.<br>(116дош. С.-М. Гелагаев. «Олхазарийн дуьне-сан дуьне.»)<br>**Грамматически т1едиллар.**<br>*К1ел сиз хьакха ц1ерметдешнашна.*<br>*Билгалдаха церан тайпанаш* |
| **Хандош** | **Изложе-ни** | **«Гуьйренан юьхь»**<br>Т1е к1урз биллинчу тхевнах терачу стиглара бутт, иккхинчу кехат латийна, шиша т1ехь долу чиркх, мехкдаьтта кхачийча санна, д1абайра : ткъа седарчий-м тоххарехь гучуьра д1адевллера. |

<table>
<tr><td></td><td></td><td>Буьйса т1етт1а 1аржлуш лаьттара : мохо схьалоьхку мархаш, лаьтта т1е буьззина бода х1оттош, 1аь1аш яра. Из яра нохчийн ярташкарчу ц1енош чохь, товхашна хьалха а хевшина, 1аьржа б1аьргаш долчу бараша, г1ийлачу ц1ергахь херца а хоьрцуш, хьажк1аш йотту зама. Теркаца г1ум г1аттош, хьекха болабелира цхьа ирча мох. Ткъес деттаран лепарехь гуш хуьлура лаьханах терачу, г1ашший, генашший д1аидочу, цу Теркан асанан масаллий, аьрхаллий, лаьтта т1ехула акхтаргашший, дог1ано етта тулг1енашший. Дохк санна юькъачуй, оцу буса инзаре акхачуй хьуьнхахь, дезачу а, дег1е зуз доуьйтучу а озанца, шен к1езех хаьдча санна, уг1уш борз а хезара лахахьуо хин йистехь. Цуьнан уг1ар, дог1анца дера хьоькхучу мохан уг1арх д1а а оьй, цхьаъ хуьлий д1адахлора цкъа, юха а къаьстара, д1аоьра т1аккха а. Оцу лерг г1елдчу, дог те1очу г1аранна юккъехула наг-наггахь, халла, къорра схьахедара .Теркал дехьарчу нохчийн юьртахь ж1аьлеш летар.<br>Буьйса йоьхна еанера.<br><br>План.<br>«Бутт 1аржлуш лаьттара».<br>«Иза яра гуьйре юлу зама».<br>«Уг1уш юьртахь ж1аьлеш летара».<br>«Нохчийн юьртахь ж1аьлеш летара».</td></tr>
<tr><td>ЦIерметдош</td><td>Изложени</td><td>«Мухтар»<br>1уьйранна школе воьдуш вара Мухтар. Маржанг1еран кет1а нислушшехь, берийн мохь хезира цунна. Саца а сецна, ладуьйг1ира Мухтара бакъонца тийшира иза кхераделлачу берийн аьзнаш хиларх. Кхин хьем ца беш, ведда ц1ийнан не1аре вахана, и схьаелла г1оьртира Мухтар, амма схьа ца еллаелира, чухула дог1а тоьхна хиллера цунна. Т1аккха ведда коре а вахна, корах чухьаьжира к1ант чохь буькъа к1ур, бара. Хиира Мухтарна чохь ц1е яьллий. Г1уллакх мало ян а, я т1аьхьататта йиш, йолуш дацара. «Же, Мухтар, сих 1алела! Г1о де берашна, к1елхьара даха уьш» – бохура цо ша шега. Буй тоьхна, ангали а дохийна, коран ши дакъа схьа а диллина, маьнги к1елахь мохь оьхуш 1ен йо1 араяьккхира цо. Ц1ийнан цхьана сонехь, бертал а воьжна, г1ийла узарш деш 1уьллу жима к1ант а ара ваьккхира. Юха, ведда ураме а ваьлла, шен доггаха мохь бетта велира: «Орца дала! Ц1е яьлла, ц1а догуш лаьтта», – бохуш. Цуьнан мохь хезна лулахой а, урамехь нисбелла нах а схьахьаьлхира. Цара догучуьра</td></tr>
</table>

| | | |
|---|---|---|
| | | ц1енош а, дукхах йолу чуьра х1умнаш а к1елхьараехира. |
| **Карладак кхар** | **Талламан диктант** | **«Кегий йийсарш»**<br>Г1опал ара ца ваьлчхьана маьрша витинера к1ант. Уьйт1ара д1ахьаьжча гира цунна йовхонан тов хьийзочу мархана юккъехула долу лаьмнаш. Цигахь ша вина юрт хилар дагара ца долура. Г1опара вада салаьттара.<br>Г1опана гонаха бина лекха пен бара. Хаш маь1-маь11ехь лаьттара. Делахь а дог ца дуьллура к1анта. Аьтто лехарх карош бац. Хьуна дагахь а доцуш нисло иза. Иштта цкъа аьтто белира 1алин а. Ха деш волу салти цхьа г1уллакх хилла юьстахвелира. Сиха д1асахьаьжира к1ант. Пен телхина, ког билла киртигаш йолу меттиг гира цун-на. Дукха маса цунна т1е а хьаьдда, дехьаикккхира иза.<br>Дехьа хехь лаьттачу салтичунна гира ведда воьду к1ант. Цо орца а даькххина, ши-кхо дошло т1аьхьахецавелира. К1ант г1опа юхавалийра.<br>(106 дош. 1.Гайсултанов.«Кегий йийсарш»)<br>**Грамматически т1едахкарш.**<br>*1. Хандешнашна буха сиз хьакха.*<br>*2. Морфологически талламаш бе.*<br>1-ра вариант 2-г1а вариант<br>*к1ант* *ши-кхо (дошло)*<br>3-г1а вариант<br>*иза*<br>3. *Хандешнаш хенашца хийца:витинера, даькххина.* |
| **Карладак кхар** | **Шеран талламан диктант** | **« Юьртахь суьйре»**<br>Луьстачу хьаннаша хазбинчу ломан к1ожехь 1уьллура Мусин-К1отар.1аламан хазалло кхелинчу оцу жимачу юьрта юккъехула чекхдолура лекхачу лаьмнашкара охьадог1у г1овг1ане шовда. Инзаре хаза хуьлура кхузахь суьйре. Шовданаш декар,олхазарийн эшарш,дежийлашкара ц1ехьа дирзинчу уьстаг1ашний , гезаршний дуьхьал уьдучу 1ахарийн буьхьгийн 1ехар, ловзуш лелачу кегийчу берийн аьзнаш.Уьш дерриге а вовшвех оьй, синкъераме г1ар кхоллалора.Иза лаьмнаша д1аузий,стамйой,1аннашкахула чекхйоккхура.<br>Гонахарчу ярташкарчу кегийчу нахана а хазахетара Мусин-К1отар.Цуьнан коьртачу бахьанех цхьаъ цхьаъ дара куц а,г1иллакх а оьздангалла а цхьанадог1уш болу мехкарий кхузахь дукха хилар. ( 80дош)<br>**Т1едиллар.**<br>*1.Хьалхара кхо предложени синтаксически къстае* |

**Талламан болх ( тест) - 6 класс**
**Ц1ерметдашах 1амийнарг т1еч1аг1дар.**

**1.Ц1ерметдош ду:**

а) къамелан дакъа;
б) дешан дакъа.

**2. Ц1ерметдош лела:**

а) хандешан, ц1ердешан, билгалдешан метта;
б) ц1ердешан, билгалдешан, терахьдешан метта.

**3.Ц1ерметдешнийн тайпа ду:**

а) 10; б) 6; в) 15.

**4. Яххьийн ц1ерметдешан юьхь ю:**

а) 3; б) 12; в) 9

**5. Хьалхарчу юьхьанц1ерметдешнаш ду:**

а) со, тхо, вай, вайша, тхойша;
б) хьо, шу.
в) и, иза, уьш.

**6.Шолг1ачу юьхьанц1ерметдешнаш ду:**

а) со, тхо, вай, вайша, тхойша;
б) хьо, шу.
в) и, иза, уьш.

7. **Кхоалг1ачу юьхьанц1ерметдешнаш ду:**

а) и, иза, уьш.
б) со, тхо, вай, вайша, тхойша.

**8. Чолхе ц1ерметдешнаш ду:**

а) со- суо, шу- шаьш, вай - ваьш:

б) со, уьш, вай, тхо.

**9.Къастамзац1ерметдешнаш ду:**

а) оццул, изза, церан, кхеран;
б) масех, минех, хьанех, цхьаь-м.

**10. Дацаранц1ерметдешнаш ду:**
а) цхьа а, х1умма а, аддам а;
б) Муха? Х1ун? Хьенан?

**11. Билгалъяккха юкъаметтигаллин ц1ерметдешнаш долу предложени:**
а) Цо дийцира суна ша г1ала х1унда ваханера.
б) Хьо г1ала х1унда ваханера, Ильяс?

**12. Х1окху ц1ерметдешнашна хаттар х1оттош, дожар, тайпа билгалдаккха:**

Со( ), минех( ), х1умма а( ), цхьаберш ( ),

ишттачун ( ), х1окхо ( ), сан- сайчул ( ), сайчарех ( ).

**13. Легаде х1ара ц1ерметдешнаш:**хьо, сайниг, х1орш, цхьа а х1ума.

Ц1. ____________________________________________
Дл. ____________________________________________
Л. ____________________________________________
Др. ____________________________________________
К. ____________________________________________
Х. ____________________________________________
М. ____________________________________________
Дс. ____________________________________________

**14. Синтаксически таллам бе х1окху предложенина**

Суна хазахетара Ахьмадан говр.

**«Нохчийн мотт» 1аморан низамехула мах хадоран г1ирсийн паспорт.**
**7 класс**

| № | Г1ирсийн ц1е | Чийрик | Тема | Кеп |
|---|---|---|---|---|
| **Хандош** | | | | |
| 1 | Талламан диктант «Г1а» | 1 | 6-чу классехь 1амийнарг карладаккхар | Диктант |
| 2 | Сочинени «Токхе гуьйре» | 1 | Хандош | Сочинени |
| 3 | Талламан диктант «Нана» | 1 | Хандешан спряженеш | Диктант |
| **Причасти, деепричасти** | | | | |
| 4 | Талламан болх. Тест №1. | 2 | Хандашах 1амийнарг т1еч1аг1дар. | Тест |
| 5 | Изложени «Олхазарин баркалла» | 2 | Причасти | Изложени |
| 6 | Талламан диктант «Г1арг1улеш» | 2 | Причасти. Причастийн нийсаязъяр | Диктант |
| **Масдар** | | | | |
| 7 | Сочинени «Бакъволу доттаг1 мила лара мегар ду» | 3 | Масдар | Сочинени |
| 8 | Талламан болх. Тест №2. | 3 | Масдарх 1амийнарг т1еч1аг1дар. | Тест |
| 9 | Талламан диктант «Ирсе б1аьрхиш.» | 3 | Куцдош | Диктант |
| **ГIуллакхан къамелан дакъош** | | | | |
| 10 | Изложени «Куралла» | 4 | Дешт1аьхье | Изложени |
| 11 | Шеран талламан диктант «Мохк бегийча.» | 4 | 1амийнарг карладаккхар | Диктант |

| **7 класс**<br>**Нохчийн мотт** | | |
|---|---|---|
| **Карладак кхар** | **Талламан диктант** | **«Г1а»**<br>Г1а доьжначу варшахь г1а дожаза лаьтта нежнаш, генара хьаьжча, элан литтанех тарлора. Ялтех юьззина лаьттина аренаш яссаеллера. Йовхо ца лора х1иллане лепачу малхо. Ирча, сингаттаме дара аренашкахь. Юьртахь дацара, х1ара ду аьлла, ойла т1ейоьрзур йолуш х1ума. Хуьлуш дерг хьаьжк1аш тило цхьаццаммо белхи бар дара. 1аьнна кечлуш, д1атуьйш долчу дахарна юкъа цо дахьарг а бен-берса х1ума дацара. Керташкахь д1ах1иттийнчу г1одмийн такхораша нилха ц1енош долу к1отар юкъйора. Такхораш дина д1ах1иттийнера Элберда шен г1одмаш а. Такхорашна юккъехь а, т1ехь а, мотт хьаькхча санна, ц1ена яра. Цхьаннахьа охьайоьжна луьйдиг яцара гуш. Гуьйранна ирча хуьлу яраш. Уьш бухъяьхначуьра оьрнаш Элберда д1ашардинехь а, леррина болх бар гойтуш, билгалдуьйлура. Дечу г1уллакхна и т1ера хилар хаьара…<br>(106дош.Х. Эдилов.)<br>**Грамматически т1едахкарш.**<br>*1. Предложенина синтаксически таллам бе, билгалдаха къамелан дакъош.*<br>*2. Хандош хенащца хийца:*<br>1-ра вариант 2-г1а вариант<br>*билгалдуьйлура.* *яссаеллера.* |
| **Хандош** | **Сочинени** | **«Токхе гуьйре»** |
| **Хандешан спряжене ш** | **Талламан диктант** | **«Нана»**<br>Социйлахь х1ара бен стаг вацара. Я кхин нах хуьлу хан а яцара иза-м: буьйсанна цхьайтта даьллера. 1аьнан заманахь 1арж мА лой пхиъ даьлча. Шело юьйлура дег1ах чекх. Мох а бара юткъачу шакарца тоькан серашна т1ехула уьдуш. Наггахь некъа т1ехула дорцан к1ур а хьодура. Х1ара ша лаьттара карара бер шена т1е а къуьйлуш, кхерамца гондахьа хьоьжуш, машине сатийсина, юьрта бог1учу новкъа хьежна ши б1аьрг лаза а баьлла, когех шан т1улгаш а хилла.<br>Ворх1, барх1, исс, итт, цхьайтталг1а сахьат ду, ткъа к1ант-м вала мега больнице кхачале.<br>Суьйранна арара г1уллакхаш дина ша чуйирзича, 1арж а велла, бетах чопаш а йина, наггахь бен са а ца доккхуш 1уьллуш карийра кхунна иза, Ламанан юрт ю, цхьаннан а машина а яц.<br>(115 дош) |

| Причасти | Изложе-ни | «Олхазарин баркалла» |
|---|---|---|
| | | Кехаташ, газеташ чутуьйсу яьшка кертах д1атоьхнера яра.<br>Юххехула д1асалелара адамаш, машенаш.<br>Шина дийнахь ц1ера ваьлла а лелла, ц1а веанера со. Керла газеташ схьаэца дагахь яышки чу хьаьжча, со цецвелира. Газеташца яьшки чохь дара дакъаделла гаш, чемхалгаш, месаш. Луларчу берашна г1еххьа оьг1азвахара со. Нехаш ара а кхийсина, яьшка<br>ц1анйира ас.<br>Цул т1аьхьа цхьа-ши де даьлча а изза хилира: яьшки чохь «нехаш» яра. Юха а луларчу берашна реза воцуш, яьшка цанъян воьлча, сан тидам хилира жимачу шина олхазаран. Уьш суна гена ца дуьйлуш, «ц1арр-ц1арр» деш хьийзара. Х1ун ду техьа х1ара аьлла, юьстах а ваьлла, сайн болх бан х1оьттира со. Ас деш долу татанаш тергал а ца деш, олхазарша а д1аболийра шайн болх: уьш рогг1ана сан яьшки чу а оьхуш, арадуъйлура.<br>Шолачу дийнахь хьаьжча, яьшки чохь котаман месех бина горга бен бара.<br>Цхьа к1ира даьллачу хенахь дагадеана ас яьшка схьа-йиллича, чуьра араиккхира букъ т1ера мокха, до1ахан басахь, чук1елара ц1еран-ц1ечу басахь долу хаза, жима олхазар. Иза гена ца долуш охьахиира, синтем байна дека а декаш. Олхазар реза дацара ша бенара меттахдаккхарна. Бенахь 1уьллура стигалан басахь жима диъ х1оа. Т1аккха яьшка хьостамий а тухуш д1акъевлира ас, олхазаршна чуара довла 1уьрг а дитина.<br>Цхьана дийнахь х1усамнана хесахь асар деш йоллура. Цо д1ах1оттийначу аьстанан г1ожа т1е а хуьйшуш шайн «ц1ар-ц1ар» деш наьрсийн хуталш юккъе лелхаш, лийлира цхьа хаза олхазарш. Уьш башха къехка а ца къехкара. Цара хесара а, бешара а леца а лоьцуш, дууш х1аллакдора зуламе н1аьний а, кхийолу садолу х1уманаш а. Яьшка шайн х1усамна паргат йитарна баркалла олуш дара и кегий олхазарш. (Хь. Хасаев. 232 дош)<br><br>**Герггара кеп:**<br>1. Газетийн яьшки чохь нехаш.<br>2. Х1усамдас олхазарш тергалдо.<br>3. Яьшки чохь бен.<br>4.Олхазарийн баркалла |

<table>
<tr><td>Причасти</td><td>Талламан диктан</td><td>«Г1арг1улеш»<br>Кертахь яьлла г1овг1а ца хаалора цунна. Цуьнан ерриге а ойла стиглахула г1ийлачу узаршца къилбехьа йоьлхучу г1арг1улеша д1алаьцнера. Кхеран кертахь яьлла хаза сийна буц, цундела кест-кеста корах ара б1аьрг тоха дог дог1у. Юург-мерг эца вог1у кху туькана гонаха мел веха стаг. Керта мел вог1у стаг саг1ина х1ума ца кховдош д1а ца вохуьйтура йоккхачу стага.  Буьйцу мотт ц1ена а, шера а хиларца къаьсташ вара пхьоьхане гулбеллачу нахана юккъехь к1айн маж йолу зоьртала цхьа стаг…<br>… Кхораш чохь кочарчу т1оьрмигах ши лекъ, моший а кхозуш вог1учу Мурдална ма-ярра гора х1ара орцан когашкахь 1уьллу шайн юрт.<br>Котаман к1орнин г1ийла «ц1ик» иккхира кхуьнан семачу лерга. Эвла йолчухьара куьйра дог1ура. Цуьнан м1араш юккъехь кхозура и т1аьхь-т1аьхьа орцадоху к1ор-ни…<br>(112 дош.)<br>Грамматически т1едахкарш.<br>1. Причастешна буха сиз хьакха.<br>2. Лаамечу причастешка а ерзош, схьаязъе текста юккъера лаамаза причастеш.<br>Кеп. Яьлла г1овг1а- яьлларг, йоьлхучу г1арг1улеша- йоьлхурш.</td></tr>
<tr><td>Масдар</td><td>Сочинени</td><td>«Бакъволу доттаг1 мила лара мегар ду»</td></tr>
<tr><td>Куцдош</td><td>Талламан диктант</td><td>«Ирсе б1аьрхиш.»<br>Гонаха самадолуш дара т1ейог1учу б1аьстено дендина 1алам. Ч1енигаш а эт1ош, гучудевлла кегийра г1аш дара цхьацца долчу дитташ т1ехь гуш. Лакхахь хьоькхучу б1аьстенан мелачу механ тулг1е хьекхалора наггахь к1ентан дег1ах. Нанас дайн хьоькхучу куьйго санна, коьрта т1ехула хьакхалуш т1ехболура иза.<br>«Мохь тоха те аса? Орца даккха те?»-дагадеара к1антана. Т1аккха а, цхьанна д1ахазахь осала хетар ву-кх со, бохург дага а деана, юха а басах хьалатасавели-ра иза. Амма куьг а, ког а д1атаса х1ума цахиларна, юха а 1инах чу шершаш воллучу кхуо катоьхна схьалецира ша х1инццалц 1ожаллин буйна ца вохуьйтуш сацийна йолу колл.<br>Кхунна гена доццуш охьахиира цхьа хаза бос болу хьоза. Д1а а, схьа а хьаьвзина, корта аг1ор баьккхина адаме а хьаьжна, «ч1ир-ч1ир»-элира цо, цкъа-шозза, кхосса а луш.</td></tr>
</table>

| | | |
|---|---|---|
| | | «Дависа, цхьана минотана, хьан санна, ши т1ам белира сан», -дагадеара дег1ера ницкъ кхачош воллучу к1антана… .<br>(139 дош. Саракаев Хь. «Ирсе б1аьрхиш.»)<br>**Грамматически т1едиллар.**<br>*Буха сиз хьакха деепричастина а, масдарна а, куц-дашна а.дееприч.,* |
| **Куцдош** | **Изложени** | **«Хьаша ларар»**<br>Вайнехан 1адатехь хьаша-да т1еэцаран г1иллакх ч1ог1а мехала лоруш ду.<br>Нохчийн кицанаша а хьоьху вайна хьаша доккха беркат, ни1мат хилар: «Нагахь баттахь цкъа хьешо хьан х1усаман не1 ца тохахь, цу чу, не1 а ца тухуш, бала бог1ур бу». Хьан не1 а тоьхна, салам а делла, хьаша оьций аьлла, не1аре веъна стаг хьешан дарже волу, иза бохамах ларвеш, цуьнца ларам беш, хьошалла дар т1едужу стагана. Иза шен мостаг1 велахь а, хьаша хилла т1евоьссинехь, и лар а вина, цуьнан г1уллакхе а хьаьжна, новкъаваккхар т1ехь ду оьздачу стагана.<br>Хьалха заманахь хьешо ша дийццалц и варан 1алашо а, цо арабаьккхина некъ а хоттуш ца хилла, кхо дей-буьйсий даллалц муххале а. Хьаша д1авоьдуш, иза новкъа воккхуш, кет1а ваьлча, и кхузза юхахьажжалц латтар г1иллакхе лоруш хилла. Нагахь зама кхераме елахь, хьаша юьртах я цунна кхерам боцчу метте валлалц новкъа воккхуш а хилла.<br>Хьешана тешнабехк бар я 1оттар яр, бохамах лар ца вар доккха эхь хила нохчийн, диц а ца деш, т1аьхьенера т1аьхьене долуш, дуьйцуш. Вайн къоман иэсехь ду хьаша-да ца ларар эхье г1уллакх хилар. Хьаша-да т1еэцар, чувитар, ларар дуьххьалд1а адамийн г1иллакхаш хилла ца 1аш, х1окху дуьненан дахаран дохо йиш йоцу деза-сийлахь доза а хилла.<br>(М. Ахмадов «Гулдина йозанаш-5»)<br>**Хьесап:**<br>1. Вайнехан 1адатехь хьаша-да т1еэцар – ч1ог1а мехала г1иллакх.<br>2. Хьалха заманахь хьешаца лелош хилла г1иллакхаш.<br>3. Хьаша-да т1еэцаран, чувитаран, лараран мехалла. |
| **Дешт1аь-хье** | **Изложе-ни** | **«Куралла»**<br>Даа х1ума доцуш кхозлагчу дийне даьлла хилла цхьогал. Т1ех мападаларна леста а лесташ, хьуьнхула х1ара лелаш, цхьана хийисте кхаьчна. Хи мелча мукъана а мацалла цхьажимма юхайоьрзур яцара те бохург дагадеана цунна. |

Циггахь бацалахь 1уьллуш йоьхь карийна цхьогална. Гиначух цецдаьлла, хазахетар т1ехдаьлла, кхиссалуш, гонха ида даьлла иза.

Т1аьххьара даг чу кcurалла иккхина, сонта къамел хазо до лийнано. «Эс, ишттахуьлу йоьхь? Йоьхь хиллехьара, кху сенчу бай т1ехь 1уьллуша хир дацара хьо» , — бохуш, когаца хьалхахьа д1а а кхуьйсуш, бацалахь керчо доьлла иза. Оццу хенахь х1аваэра чухахкаеллачу суьйлийн къийго лекkха х1аваэ хьаладаьккхина йоьхь. Доьхна, 1адийна дисира цхъогал.

Ша лелийначу кураллина дохкодаьлла, дилхина цхьогал цхьа-ши къурд а бина, хьуьн чу дахана иза. Жимма лелча, ча а, борз а карийна кхунна шийлачу 1индаг1ехь делкъе еш доллуш. Дольхуш, хьастаделла т1едахана цхьогал. «Хьо стенна доьлху, цхьогал?»-хаьттина чано.

-Йоьхь дара сан, шу санна болу доттаг1ий карийча бен дуур ма дац ас аьлла, ч1аг1о йина, сайца лелош. Амма суьйлин къийго и даьхьна дитина со,- жоп делла цхьогало.

«Доттаг1ий ларам беш хилар дика ду, цхьогал. Х1инца т1ехила, х1ума яа тхоьца. Кхин цхьа доттаг1 а ву вайн ижу яхьаш схьакхача везаш»-хазийна чано. Иоллушехь, схьакхаьчна суьйлийн къиг. Доттаг1ашка йистхилале, цхьогале бехк баьккхина суьйлийн къийго: «Хьо рицкъанан пусар дан хууш дац, цхьогал. Х1ара йоьхь ахь, муш санна, Д1асакхуьйсуш гича, ийцира ас хьуна хьалхара схъа».

Шен х1илла гучудаьллий хиъна, кхин ала дош а ца карийна, юха а дилхина цхьогал. Цо аьлла: «Кхул таьхьа рицкъанан сий-пусар дийр дара аса, х1инца суна гечдахьара аша. Со тешаме доттаг1 хир дара шуна. Даг чу куралла иккхинера суна. Х1инца хии суна, куралла х1ун ю...»

«Дика ду, цхьогал, оха хьуна гечдо,— аьлла чано.- Бакъду, аьшпаш биттаррий, ямартлой ца еза тхуна. И тайпа х1уманаш дита дезар ду хьан тахана дуьйна»

И дерриге а кхочушдан дош делла цхьогало.

(1.Медигов. 232 дош)

**Терггара план:**

1. Мацделла цхьогал.
2. Кураллин т1аьхье.
3. Хьуьнхара хьеший.
4. Цхьогал дохкодалар.
5. Чано аьлларг.

| | | |
|---|---|---|
| **Карладак кхар** | **Талламан болх** | **«Хьоме юрт»**<br>Самаевлла н1аьнеш кхайкха юьйлаелча, хьалаг1аьттира Алхаст. Уьйт1а ваьлла х1окхоламаз оьццушехь, эвлаюккъерачу маьждигехь молла а кхайкхира. 1уьйренан тийналлехь ц1ена, мукъамехь декара цуьнан аз.<br>Хьуьна йистера д1ахьаьжча, д1о-о лаха чохь гора Алхастан юрт. Х1окху меттехь, жа басенца дажа д1а а хоьций, охьахуура Алхаст тохара жималлехь. Аренаша юкъаерзийначу шен юьрте а хьоьжуш, хийла ойланаш йора цо.<br>Х1етахьчул дуккха а хийцаелла юрт. Шоръелла, ков-керташ алсамдевлла. Делахь а, Алхастан юрт ю и, хьалха санна, дагна хьоме а, хьалха санна, дагна гергара а.<br>Алхаст х1инца лаьттачуьра д1айолалуш яра буьрса хьун. Х1окху хьаннашца а дара Алхастан гергарло. Ерриге а, ала мегар долуш, жималла кхузахь пепнийн 1индаг1ашкахь а, Гуьмса ч1ожан басенашца кхуьучу кегийрачу хьаннашкахь а д1аяхнера Алхастан. ХIора т1улг, хIора дитт гергара дара кхузахь. Д1а б1аьрг мел тоьхначохь гуш долчу суьрташа хилларш-лелларш дагатуьйсура.<br>Хьуьна йистера д1а Гумс-хи долчу агIор варша боьрзучу ворданан новкъа д1аволавелира Алхаст. Цунна къилбехьа б1аьлланган а, пхонан а орамаш юккъера схьадолуш шовда дара.<br>(145 дош Юсупов «Къоман тептар») |
| **Карладак кхар** | **Шеран талламан болх** | **«Мохк бегийча.»**<br>…-Маржа дуьне я1!-доккха са а доккхий, кет1ахула бай-йн ког а боккхуш, волало иза.<br>Т1аккха ц1ийна т1ехьа, беша, волу. 1ежийн, кхорийн, хьайбанийн дитташ лай к1елахь лаьтта…<br>Стаг вехха лела бешахула волалой, х1ора диттана юххехь сеца а соьцуш, къамел а деш. Т1аккха бешара ураме волу иза. Малхбузехь лекха арц, Органа чу буссучохь, к1айчу лай т1ехь 1аьржа къеста ах хаьрцина б1ов.<br>Б1ов т1улгех лаьтта. Кегийчу а, даккхийчу а т1улгех. Уьш, ша-ша даьхча, т1улгаш ду, цхьаьна-б1ов.<br>Стеган сий а ду-кха б1ов. Иза а лаьтта цуьнан даккхийчу а, кегийчу а г1уллакхех. Цо денна а дечу дикачу г1уллакхаша ирх бохуьйту цуьнан бохь.<br>Б1аьвнех терра, лекха деш хилла-кх наха куйнаш а хьалха. Ткъа б1аьвнаш-лаьмнех таръеш.<br>(115 дош. М.Ахмадов. «Мохк бегийча.»)<br>Грамматически т1едиллар.-*Билгалдаха къамелан дакъош* |

**Тест «Хандашах 1амийнарг т1еч1аг1дар»**

**1.Хандош къамелан дакъа ду. Цо…….гойту**.

А) хIуманан билгало;

Б) масалла я рогIалла;

В) дар я хилар;+

**2. Хандешан ……спряжени ю.**

А) 8;

Б)5;

В)6;+

**3. Хандешан….саттам бу.**

А)2;

Б)9;

В)4;+

**4. Лааран саттаман суффиксаш ю**

А)-хь, -ахь;

б)-иг, -ниг;

в)-йла, -лда;

**5.Хандешан хаттаран кепаш кхоллало хIара дешдакъош тIекхетарца**

А)суффикс –й; -ий;+

Б)дешхьалхе –чу; -тIе;

В)суффикс –р; -рш;

**6.Дацаран дакъалг ца, ма хандашна хьалха хилча яздо**

А)цхьаьна;

Б)къаьстина;+

В)наггахь цхьаьна;

**7.Хандешнийн латтамийн кепаш кху тайпана хуьлу**

А)хенан,меттиган,Iалашонан,бехкаман;

Б)берта, бертаза;

В)грамматически, логически;

**8.Причастица муьлхачу къамелан дакъойн билгалонаш хуьлу?**

А)цIердешан,терахьдешан;

Б)билгалдешан,цIерметдешан;

В)билгалдешан,хандешан;

**9.Масдар олу….**

А)хандашах хиллачу цIердашах;

Б)гIуллукхан къамелан декъах;

В)предложенин тайпанех;

**10.ХIун ю деепричастии**

А)предложенин меже;

Б)къамелан дакъа;

В)хийцалуш йоцу хандешан форма;+

**Тест «Масдарх 1амийнарг т1еч1аг1дар»**

**1. Билгалзачу кепана т1е -Р- суффикс кхета:**
а) билгалдош кхоллалуш;
б) масдар кхоллалуш;
в) куцдош кхоллалуш.

**2 .Х1ара къамелан дакъош масдарш ду:**
а) кьовсавалар, веттавалар; б) юкъалеларг, схьагинарг ; в) локхар, масдар асар.

**3. Классашца хийцалуш долу масдарш :**
а) цхьана дешдекъах лаьттарш; б) классийн гайтамаш берш;
в) дерриге а чолхе масдарш .

**4. Масдарш терахьашца хийцало :**
а) ц1ердешнаш санна;
б ) терахьдешнаш санна; в ) лааме причасти санна .

**5. Масдаран легадалар хуьлу:** а) яханчу хенан хандешан санна; б) мухаллин билгалдешан санна;
в) 1-чу легаран ц1ердешан санна.

**6. Дукхазаллин кеп гойту масдарш:**
а) д1атакхар,схьат1евар;
б) д1адекхар, т1ехтохар;
в) схьалиэхар,чукхиссар.

**7. Классан гайтам болу масдарш ду:**
а) д1акхачар, д1амалар; б) д1абовдар, д1авахар;
в) д1алакхар, т1еталлар.

**8. Предложенехь масдар хила тарло:**
а) подлежащи хуьллу меже;
б) меттиган латтам ;
в) лач кхачам;

**9. Дацаран дакъалг «ца» масдарца яздо:**
а) цхьаьна (хьалха делахь) ;

б) къаьстина (т1ехьа делахь); в) цхьаьна (даима).

**10. Масдар нийсаяздаран г1алат ду:**
а) херацавалар; б) кхера ца валар; в) резацахилар.

Дог1анаш (ключи):

**1**. б
**2.** а
**3.** б
**4.** а
**5.** в
**6.** в
**7.** б
**8.** а
**9.** в
**10.** б

**«Нохчийн мотт» 1аморан низамехула мах хадоран г1ирсийн паспорт.**
**8 класс**

| № | Г1ирсийн ц1е | Чийрик | Тема | Кеп |
|---|---|---|---|---|
| **Предложенин коьрта меженаш** | | | | |
| 1 | «Ирсе к1охцал» Талламан диктант | 1 | Орфографи | Диктант |
| 2 | «Дайн 1адат» изложени | 1 | Предложенин коьрта меженаш | Изложени |
| 3 | «Хи» талламан диктант | 1 | Предложенин коьрта меженаш | Диктант |
| **Предложенин коьртаза меженаш** | | | | |
| 4 | Талламан болх. (Тест №1) | 2 | Юххедиллар т1еч1аг1дар. | Тест |
| 5 | «Вайнаха хьаша ларар» сочинени | 2 | Предложенин коьртаза меженаш | Сочинени |
| 6 | «Ло» талламан диктант | 2 | Предложе-нин коьртаза меженаш | Диктант |
| **Цхьалхечу предложенийн кепаш** | | | | |
| 7 | Талламан болх. (Тест №2) | 3 | Цхьалхечу предложенийн кепаш т1еч1аг1ъяр. | Сочинени |
| 8 | «Оьзда мотт» изложени | 3 | Предложенин цхьанатайпана меженаш | Изложени |
| 9 | «Цхьалла.» талламан диктант | 3 | Предложенин шакъаьстина меженаш | Диктант |
| **Предложенин шакъаьстина меженаш** | | | | |
| 10 | «Ненан мотт – аганан илли» сочинени | 4 | Предложенин шакъаьстина меженаш т1еч1аг1ъяр. | Сочинени |
| 11 | «Кехат» шеран талламан диктант | 4 | 1амийнарг карладаккхар | Диктант |

| **8 класс**<br>**Нохчийн мотт** | | |
|---|---|---|
| **Орфогра-** | **Таламан** | **«Ирсе к1охцал»** |

| | | |
|---|---|---|
| **фи** | **диктант** | Цхьана хьуьнхахь ехаш-1аш яра зу. Цуьнан к1охцалех цхьаъ ирсе хилла, дикачу адамашна беркат дохьуш. Иза луларчу юьртарчу нахана хезна. Амма цхьаннеа хууш ца хилла, ирсе к1охцал муьлханиг ду. Т1аккха уггаре а сутарчу стага аьлла: «Вай и зу схьалоцур ю. Цуьнан к1охцалш дерриш а схьа а даьхна, х1оранна цхьацца д1алур ду. Иштта а хуур ду ирсениг муьлха ду».<br>Цул т1аьхьа нах зу лаха бахна, цхьаъ воцург. «Садолу х1ума ен а йина, даьккхина ирс суна ца оьшу»,- аьлла, ц1ахь 1ийна иза.<br>Цхьана дийнахь дечке вахана и миска стаг. Наха лоьху зу т1ееана цунна. Адамийн маттахь йист хилла иза:<br>– Хьайн догц1ена ойланаш а, хьанал дахар а девза суна. Сайн ирсе к1охцал ас хьуна д1ало. Зуламечу нахана со карор яц, - аьлла, к1охцал д1а а делла, д1аяхана зу.<br>Мел лехарх нахана зу ца карийна. Ткъа воккхачу стеган керта ирс а, беркат а деана.<br>(128 дош) |
| **Предложенин коьрта меженаш** | **Изложени** | **«Дайн 1адат»**<br><br>Мацах цхьана юьртахь ловзар хилла. Луларчу ярташкара кегийрхой, баккхий нах а баьхкина, ч1ог1а тамехь д1ах1оьттинчу цу ловзаргахь, шина жимхина юкъахь хиллачу дар-дацарехь, цу шиннах цхьаъ, шаьлта а кхетта, велла. Велларг ша цхьалха вехеш-1аш волчу воккхачу стеган к1ант хилла.<br>Т1аьхьадаьлла орца а долуш, ведда вог1у х1ара куьгбехкениг веллачу к1ентан уьйт1а нисвелла. Къоьжа маж а йолуш, хено дакъийна куьйгаш 1асанна т1е а дехкина, шена хьалха лаьттачу воккхачу стаге дехна шен къона са дадийна веанчо:<br>– Воккха стаг, ларамза, ца хууш, сан карах стаг вели-кх оцу ловзаргахь… Хьайн таро елахь, къайлаваккхахьара ахь со, орца ду-кх суна т1екхуьуш, – аьлла.<br>– Схьавола сан х1усаме, ас лардийр ду хьан дег1 а. са а, – аьлла, жоп делла цуьнан дехарна воккхачу стага. Йоккха г1овг1а а эккхийтина, воккхачу стеган ков-керта кхаьчна куьгбехкечунна т1аьхьадаьлла орца.<br>– Воккха стаг, – аьлла, д1адолийна шени къамел царах цхьаммо, – дош дашера а даьлла, иза девне а дирзина, шаьлта тоьхна хьан цхьаъ бен воцу к1ант вий-кх хьенехеран ловзаргахь. Куьгбехкениг хьан керта эккхаш гира тхуна. Бехк ма биллахьара ахь, г1ар-г1овг1а яхьаш, тхо хьайн керта лелхарна. Галдевлла хилла тхо, хьан керта |

| | | |
|---|---|---|
| | | иза вог1ийла дац. Дала кечдойла хьан к1антана! Дала собар лойла хьа син-дег1ана!<br>Цара деш долу къамел ша ма-дарра хезаш хилла шен са дадийна веанчунна.<br>Гобина шена лаьтташ долчу адамашка собаре хилар а дехна, шен ц1ийнан не1арехьа вирзина, кхайкхина воккха стаг:<br>– Хьаша, схьагучувала, хьан сина кхерам бац х1окху х1усамехь, х1окху кертахь…<br>Корта охьа а бахийтина араваьллачу к1анте юха а вистхилла воккха стаг:<br>– И цхьа г1ортор, и цхьа т1аьхье яра сан, со велча, сан тезет схьаэца йисина, т1аьххьара суна чуьра са д1адолуш сан б1аьрнег1арш д1акъовла виснарг и цхьаъ вара. Йохий ахь сан г1ала, д1аяьккхи ахь син г1ортор, хадий ахь сан орам… Х1инца маьрша ву хьо, цуьнан ч1ир лохуберш юха хьайна т1екхаччалц!<br>Зиярт чуьра араволуш санна, 1аш волчу воккхачу стагана а, гулделлачу адамашна а шен букъ ца гойтуш, къайлаваьлла кхайкхаза веана хьаша. (300 дош) Д. Сумбулатов.<br><br>**Хьесап (план)**<br>Ловзаргахь хилла бохам.<br>Лурвоьлларг веллачу к1ентан да волчу кхочу.<br>Хьаша ларвар – дайн 1адат.<br>Орца т1аьхьа кхочу.<br>Ирча кхаъ<br>Воккхачу стеган къонахалла. |

| | | |
|---|---|---|
| **Предложенин коьрта меженаш** | **Талламан диктант** | **«Хи»**<br>Хи чуьра ч1ерий дохуш сакъералора Хьажмурдан. Къаьсттина ч1ог1а сакъералора цуьнан дай чу хьоьжуш. Шен воккхах волчу вашас бина жима дуо бара к1ентан хи чу буг1уш лелош. Дуьйрийн мижарг а, ягийна ма1а а, багийна хьаьжк1ан кан а, сискал а тосура Хьажмурда цу чу. Башха хи к1оргачу метте а ца буг1ура цо иза. Шалажа а дацара иштта доккха хи а. Маь1-маь11ехь дог1ура и. Лохачу бердан к1ел, хи к1оргачохь, дуо буг1уш меттиг яра Хьажмурдан. 1уьйранна а, сарахьа чу моссаза хьожу а, чабакх а, ирг1у а, ч1ерий дохура цо.<br>Цхьана буьйсанна стигал къекъаш дог1а а деана, хиш дистира. 1уьйранна самаваьллачу Хьажмурдана хезаш яра дистинчу хино ен г1овг1а…<br>Ши-кхо де даьллачул т1аьхьа, хи дистинчуьра чудоьжча, хьажа ваханчу Хьажмур-дана шен дуо ца карийра…<br>(117 дош.Х-.А.Берсанов. «Вайн махкара акхарой а, олхазарш а.)<br>**Грамматически т1едахкарш.**<br>*1. Билгалъяха коьрта меженаш.*<br>*2. Предложенешна юккъера схьаязде дешнийн цхьаьнакхетарш, билгалъяха уьйраш:*<br>1-ра вариант-*1-ра пред.* 2-г1а вариант-*5-г1а пред* |
| **Предложенин коьртаза меженаш** | **Сочинени** | **«Вайнаха хьаша ларар»** |
| **Предложе-нин коьртаза меженаш** | **Таламан диктант** | **«Ло»**<br>Ло дог1у даккхийчу чимашца, массо х1ума а хьулдеш. Малх ма-кхийтти, гуча-м дер ду дерриге а… Вон а, дика а. Жаьмбикна-м гуттар а и иштта дуьйла хаьара. Х1инца санна ца хиънехь а, геннахь, кхетаман к1оргенехь, ехара и ойла. Цо сецавора цхьадолчу некъашна т1е ца волуьйтуш. Хало-о-м дара иза, х1етте а и хало лан а лайна, т1ехъяьлча, декхна хетара денош а, буьйсанаш а…<br>Юкъ-юккъера екхна ю стигал. Мархашна юккъехула 1еначу беттан серлонехь лепа чимаш. Куй д1а а баькхина лаьттачу цуьнан коьрта т1ехь соьцу уьш, юха деша.<br>Цо д1атуьллу куй. Т1аккха хьаннашлахь 1уьллучу жимчу юьрте б1аьрг бетта. Д1атийна юрт. Юкъ-юккъехь бен стогарш а гац. 1аьржа г1аларташ а хилла лаьтта ц1енош а, царна гонахара бошмаш а. Тийна ю кхуьнан х1усам а…<br>(117 дош. М.Ахмадов. «Мохк бегийча.»/ |

| | | |
|---|---|---|
| | | **Грамматически т1едиллар.**<br>*Синтаксически таллам бе.*<br>1-ра вариант.<br>*Мархашна юккъехула 1еначу беттан серлонехь лепа чимаш.*<br>2-г1а вариант.<br>*1аьржа г1алартаж а хилла лаьтта ц1енош а, царна гонахара бош-маш а.* |
| **Предложенин шакъаьстина меженаш т1еч1аг1ъяр.** | **Сочинени** | **«Ненан мотт – аганан илли».** |
| **Предложенин шакъаьстина меженаш** | **Талламан диктант** | **«Цхьалла.»**<br>Буьйса. 1аьржа, тийна буьйса.<br>Цхьалла…Г1орасиз, синтем байна цхьалла.<br>Ма цхьаьна йог1у шуьшиъ! Вовшах къаста ца луш, б1ешерийн дохалла ши йиша хилла схьайог1у.<br>Амма яц шуьшиннан вовшашца я марзо а, я безам а. Ца ваьллачу денна д1акхоьхьу дахаран мур бу. Буьйса яьлла д1аяхча а ца юьту цхьалло…<br>Берх1итта шо ду и шиъ х1окху ц1ийнан дукъ гихь схьадог1у. Айманис лерина луьсту шен дахаран х1ора аг1о. Ерриге а беса ю, цхьа а яц воккхаверан лар йитина. Дега1ийжамаш, хьешна сатийсамаш, дегайовхонаш. Ур-атталла, ирсан з1ийдиг тесна меттиг яц.<br>И х1инца а инзаръюьйлу шаьшшиннан дахаран некъ, кхин ца хедаш, х1окху хене схьакхачарх…<br>Берийн дуьхьа лаьлла садетташ. Цара ницкъ а, доьналла а делла и хан яккха. Иштта д1аихна шераш… (111дош.)<br>Грамматически т1едиллар. -*Билгалъяхначу предложенешна синтаксически талламаш бе.* |
| **Х1аъ, х1ан-х1а дешнаш преложенеш** | **Изложе-ни** | **«Ламанан хи»**<br>Ирча хуьлу ламанан хи дистича. Охьанехьа дукха чехка дог1уш хиларна, шена дуьхьал нисъелларг охьатухий, хьоший, кагйой д1а- йоккху цо. Лекха бердаш лахара огий, чухерцадо, орамашца бух а дохуш, дитташ охьакхоьхьу. Х1аваъ дегош гонаха г1уг1 лаьтта.<br>Хин мокха пен х1инца шерра гуш т1аьхь-т1аьхьа схьат1ешершаш, боккха хуьлуш хилла. Инзаре г1овг1а яьккхина цо. "Кхуьур вац, х1ал-лакъхили тхойшиъ", - аьлла, Лоьмина дагатоссушехь, ма-йогг1у говр хаьхкина |

| | | |
|---|---|---|
| | | шайна орцах вог1у бере гина цунна*. Иза тхан объездчик Са- лахь хилла. Цунна дуьхьалхьаьдда Лоьма, Хьасан а текхош.<br>Салахьа, ша т1екхоччушехь, говр юха а хьовзош, катоьхна шена хьалха хьалаваьккхина Хьасан.<br>Схьат1етасало т1еххьа! - мохь тоьхна цо Лоьмига. Д1алалла! - аьлла, Лоьмас, мохал маса ша д1а а эккхаш. Цкъа вухахьажа кхиъначу Салахьана гина юххе кхоччуш доллу дистина до- г1ухи. Хьалха кхийда саьрмикан моттсанна, ирча хилла хин юьхь. Лаьххьара ницкъ т1ебахийтина, кхин а чехка ведда Лоьма.Бергашца жаг1а юхабетташ йоьдучу говрана юххе а иккхина лалвелла,т1екхаьч- начу хин юьхьо к1ажийн пхенаш а дашош, боьрана сехьа иккхина Лоьма. Т1аккха, ирахь латта г1ор а ца хилла, бай т1е охьавоьжна иза.<br>Хин г1овг1а х1инца лакхахьара а схьахезаш, гонахара х1аваъ дуьзна. Меллаша корта хьала а айбина, д1ахьаьжначу Лоьмина бер- риге а боьра хиэ д1алаьцна гина. Кхин зен ца хуьлуш, шаьш к1елхьа- радовлар хазахетта, Хьасане хьаьжна, велакъежира.<br>Гайсултанов<br>**План х1оттор**<br>"Ирча хуьлу ламанан хиш".<br>"Иза тхан хехо Салахь хилла".<br>"Ирахь латта Мор а ца хилла, бай т1е охьавоьжна". |
| **Предложенин цхьанатай пана меженаш** | **Изложе-ни** | **«Оьзда мотт»**<br>Дайн орамашкара дуьйна схьадог1уш цхьа г1иллакх ду нохчийн – стаг верг а, стаг воцург а шен дашца къастош. Цигара схьадаьлла ду «Хьайн багах схьадалазчу дешан эла ву хьо, багах схьадаьллачу дешан лай ву хьо» боху кица. Нахалахь айхьа мел аьллачу дашах жоьпалла ву бохург ду и. Далла а, нахана гергахь деза, сийлахь ду адамо шен меттан доладар я багах схьа мел долучу дешан оьздангалла ларъяр. Ткъа и мотт харц а, шалхонца а лебар, адамна бала хин болчу кепара бийцар даккхийчу къинойх, зуламечу лазарех ду.<br>Дош хила тарло г1ийлачун, мискачун, дархочун дог-ойла хьостуш к1еда, мерза, аьхна, довха а, я г1ийлачунна хьовха, поп санна волчу къонахчунна а луьра а, къиза а. Меттан хазалла а, меттан говзалла а гучуяккхар магийна ду вайнехан 1едалехь. Далла 1ибадат деш, йо1е безам балхош, адамашна юкъахь лелла дов дерзош, ч1ирхошна юкъахь масла1ат деш, да-нана хьостуш.<br>Оьзда мотт бийца стаг шен бераллехь дуьйна 1ама веза, |

| | | |
|---|---|---|
| | | баккхийчаьрга ла а дуг1уш, цьргара масал оьцуш. Хала делахь а, иза дахарехь ца хилча йиш йоцу уггаре а коьртаниг ду. Оьзда мотт адамийн юкъаметтиган дакъа хилла ца 1а, иза вайх х1ораннан сица, кхетамца хила дог1у жовх1ар ду. Цо г1о до оьзда боцчу нехан лаамна к1ел ца воьдуш, цунах ларвала а, шен дахаран новкъахь ц1ена чекхвала а. (Уциев А.Х.) |
| **Граммати-чески талларш** | **Талламан диктант** | **«Ненан дарбане куьг»**<br>Цхьана ламанан юьртахь дехаш хилла наний, к1анттий. Кху дуьненахь яккха шен оьмар чекхьяьлча, нана д1акхелхина. К1ант ша висна. Т1аккха ц1еххъана иза азвала волавелла, кертахъ даа-мала шортта доллушехь.<br>Дарбанчашна а, х1ума хуучу нахана а т1екхийлина иза гергарчара. Амма дарба карош ца хилла.<br>Ницкъ а эшна, метта охьавижина к1ант. Кхин дан амал а ца хилла, махкахь а дика вевзаш, ц1е яханчу шайхана т1ебахана цуьнан гергара нах. Шайхе д1адиййцина ма - дарра. Шайхо аьлла:<br>– Цунна токх нанас шен куъйга бина кхача а бен ца хилла. Иза толур ву, нагахь санна аша цуьнан ненан куъг кхетта кхача баабахь. Кхин дан дарба дац цунна. Кхача а кечбина, ненан коша тle бахана вуьйш. Каш а аьхкина, шаьш беанчу кхачех ненан дакъаделла куъг хьакхадалийтина цара. И кхача к1антана хьалха биллина цара. Вукхо биъна. Цхьа-ши де далале, то а велла, меттара хьалаг1аьттина к1ант.<br>(133 дош) |
| **Карладак кхар** | **Шеран талламан диктант** | **«Кехат»**<br>…Маьрк1ажал т1аьхьа ц1акхечира нана. Цецъелира иза гинчух. Йиттина ирхъоьхкина берийн бедарш, чохь юучух хаза яьлла хьожа, бовхачу маьнги т1ехь ловзу ши к1ант.<br>-Дукха яха хьо! Хьо-м х1инца аса цадийриг а деш, йоккха ма хилла. Хьан да, ц1аваг1ахь, тешар а вац, ахьа иштта г1уллакхаш до аьлча.<br>Амма йоь1ан б1аьра хьаьжча, ненан бос хийцабелира. Йо1 т1орказ чу хьаьжний а, цо цу чуьра кехат дешний а, хиира.<br>Кехат нанас Х1азанах лечкъоран шен бахьана дара. Нанна дика хаьара, Х1азанна шен сил а дукха да везийла. Тидаме эцнера баккхийчийн санна йолу йоь1ан амал, ойла, мотт. Цундела йо1ана, и ирча кхаъ хезча, цхьа х1ума хиларна кхоьруш ца аьллера нанас да валарх лаьцна. Хан яьлча, х1ума ширло, цул т1аьхьа сатоха хала цахир-кх аьлла, дитинера…<br>(115 дош. С.-С. Саидов. «Мажъелла кехатан цуьрг.») |

| | | |
|---|---|---|
| | | **Грамматически т1едиллар.**<br>*Синтаксически таллам бе:*<br>1-ра вариант -1 предл 2-г1а вариант-7предл |

**«Нохчийн мотт» 1аморан низамехула мах хадоран г1ирсийн паспорт.**
**10 класс**

| № | Г1ирсийн ц1е | Ахшо | Тема | Кеп |
|---|---|---|---|---|
| **Лексикологи. Фонетика** | | | | |
| 1 | Талламан диктант «Доттаг1алла» | 1 | Омонимаш,синонимаш, антонимаш,архаизмаш, историзмаш, неологизмаш. | Диктант |
| 2 | Изложени «Бекхам» | 1 | Нохчийн меттан парг1ат а, ч1аг1делла а дешнийн цхьаьнакхетарш. | Изложени |
| 3 | Талламан диктант «Зевне хьеший» | 1 | Мукъа элпаш а, мукъа аьзнаш а | Диктант |
| **Къамелан дакъош** | | | | |
| 4 | Сочинени «Ненан мотт- сан дозалла» | 2 | Хандешнаш.Хандешан спряженеш, церан нийсаяздар. | Сочинени |
| 5 | Талламан болх «Валарг -юрт» | 2 | Дешан латтам (дешан х1оттам). | Диктант |

| 10 класс<br>Нохчийн мотт | | |
|---|---|---|
| **Омонимаш, синонимаш, антонимаш, архаизмаш, историзмаш, неологизмаш.** | **Талламан диктант.** | **«Доттаг1алла.»**<br>Массо а заманашкахь а сий – ларам бина адамаша оцу сийлахь-доккхачу дешан. Дуьненан массо а маттахь а дека тешамечу доттаг1аллех, цуьнан дерриге а къардечу нуьцкъаллех лаьцна иллеш. Доттаг1алла хестадо шайн стихашкахь, поэмашкахь дуьненан массо а къаьмнийн поэташа.<br>Доттаг1алла! Къаьсттина доккхачу маь1не дирзина и сирла дош вайн башхачу, амма вуно чолхечу заманахь. 1аламат кхеташ а, гергара а ду и довха дош шайн кхолламаш даима а цхьанабаьэначу российски хьалкъаша.<br>Къинхьегамехь догц1ена йохьалла, эшначохь вовшашна г1о дар, вовшашназеделлачух пайдаэцар – и дерриге а вайн дахаран къастамалла ю, вайн российски адамийн, талхо йиш йоцу г1иллакх ду.<br>Вайн республикан культурни дахарехь доккха г1уллакх, бакъалла а долу деза денош хилла д1ах1иттира 1977 шеран сентябрехь Нохч-Галг1айчохь д1адаьхьна Херсонски областан литературан денош.<br>Оцу дицлур доцчу цхьанакхетаршкахьоьрсийн а, нохчийн а, украински а, г1алг1айн а меттанашкахь екара вайн Даймахках, халкъийн доттаг1аллих адамийн къинхьегаман толамех лаьцна йолу стихаш.<br>Ишттачу цхьанакхетарша яздархошна таро ло дахар к1орггера довза, ло керла теманаш, керла васташ.<br><br>**Грамматически т1едиллар.**<br>1.Сказуемеш билгалбаха. |
| **Нохчийн меттан парг1ат а, ч1аг1делла а дешнийн цхьаьнакхетарш.** | **Изложени** | **«Бекхам».**<br>Цхьа зуда хилла ехаш-1аш. Цхьа к1ант бен, кхин доьзалхо а, я гергара нах а боцуш. Шен к1ант хене ваьлча, зуда ялийна цунна. Цхьа а г1иллакх, ларам-т1алам боцуш нисъелла хилла нус. Ц1еххьана цамгар а кхетта, меттахь йисина марнана. Цхьана дийнахь, хьаста а елла, марнанас несе дехар дина:<br>-Ч1ог1а йоьхь дагадеъна-кх сунна, г1ой, лулахошкахь дуй а хьажий, дехий, нисдан хьажахьа, - аьлла.<br>-Со-м лелар яц хьуна лулахошка йоьхь доьхуш, - аьлла, бат саттийна несо.<br>Несо и кеп х1оттийначул т1аьхьа, кхин ша сатесна хиллачу йоьхьах кхетар ца нислуш, д1акхелхина марнана.<br>Цул т1аьхьа дукха хан-зама д1аяьлла. Оцу несах а шен заманахь марнана хилла.<br>Денош къаналле лестинчу заманахь, деэшна, г1орах хаьдда, эххар меттехь йисина иза. Цхьана дийнахь кхерзина йоьхь дагадеъна цунна.<br>Кхайкхина, нус схьа а ялийна, ша сатесначу юучух лаьцна дийцина цо цуьнга. Вукхо, кхин ойла ца еш, сихха яха а яхана, цхьанхьара йоьхь а нисдина, чомехь кеч а дина, марнанна хьалха диллина. |

| | | |
|---|---|---|
| | | Йоьхь схьаэца дагахь, кхуо хедарна куьг т1ехьушшехь, чуьрчу йоьхьах текхарган сурт х1оьттина кхунна.<br>Кхераеллачу марнанас и хедар, дукха хьере хуьлий, кхуссий д1адохуьйту: «Х1ара х1ун ю ахь суна еънарг?» - олий, несана т1е а чевхаш.<br>Ша х1ун эр ду а ца хууш, хиллачух а ца кхеташ, 1адийча санна, йог1а а елла лаьттачу кхунна т1екхочу ц1ийнда. Хиллачух кхетта, цо, ша кеч а дой, шен нанна хьалха дуьллу и йоьхь. Иштта цунах а хуьлу текхарг… Эццахь кхетта йоккха стаг шена хиллачух. Шен марнанна цхьана хенахь ша ца деллачу йоьхьна Дала шена бекхам беш буйла а хиъна, кхин кечдан ца оьшу шена и йоьхь, аьлла цо, хуьлучух ца кхеташ, цецдаьлла лаьттачу шен к1анте а, несе.<br><br>**План.**<br>1. Цхьа к1ант кхобуш 1ийна нана.<br>2. К1антана зуда ялор.<br>3.Несан амал.<br>4. К1ентан нана цомгуш хуьлу.<br>5.Марненан дехар.<br>6.Несан жоп.<br>7.Бекхам. |
| **Мукъа элпаш а, мукъа аьзнаш а** | **Талламан диктант.** | **«Зевне хьеший»**<br>Дуьне дохделира, хьуьнхахь гӏа дала, зазадаккха доладелира. Органан тог1ешца дукха ду элхьамцаш, хьаьрса хьечаш, хьуьнан 1ежаш, кхораш. 1уьйранна хьо хьаьжча, басешкахь, бердашкахь цара даьккхинчу зазано, ло диллича санна, к1ай йинера. Зазанна т1ехула хьийзачу накхармозийн зевне ладоьг1ча, пондар лоьккхуш санна хеталора. Мозаша дургал кхоьхьура накхаршна чу.<br>1уьйранна араваьлла, маьлхан з1аьнарш схьакъадале, Органан йистехь ахь ладоьг1ча, дехьа басарчу хьуьнхара схьахезаш **олха**зарийн хаза эшарш хуьлу. Вайн хьаннашкахь эшарш хаза йолуш ду шоршалш, алкханчаш, дуккха а кхин тайпа олхазарш. Малх схьакхетталц эшарш ца совцайо цара. Мел дукха ладег1арх к1ордор доцуш, хаза мукъамаш хеза. Малх схьакхетча, жимма са а даь1на, иза чубузуш, эшарийн ловзар духадолор ду цара.<br>Иштта ловзар хуьлу олхазарийн, к1орнеш яххалц. Буьйса а ца юьту цара тийна...<br>Хазахетарца, эшаршца т1еоьцу олхазарша б1аьсте. Хазахетча а, сакъераделча а бехк бац – 1аламехь уггар хазачарах цхьа мур бу иза. Г1а долу, баьццара бос оьций д1ах1утту хьун. Можа-къорза куз тесча санна хуьлу баьццара бай. Малх санна къегаш хуьлу бай т1ехь баппанаш. Жил-1алам доьлуш санна хуьлу, б1аьстено самукъадоккхий. |

| | | |
|---|---|---|
| **Дешан латтам (дешан х1оттам).** | **Талламан диктант.** | **«Валарг-юрт»**<br>Нохчийн ширачу ярташка йиллича,Валарг-юрт къона ю.Х1инцалера Валарг-юрт XIX б1ешо юккъе доьдуш йиллина.Валарг-хий,Геха-хий бохуш ши хи дуломара охьадог1уш.Оцу шина хина юккъехь йолчу охьанехьарчу меттехь ч1ог1а хаза шовданаш ду. Цу меттигах хьалхе Шовдане я Шовданашка олура,боху.Х1инца Шалажи-юрт йолчу меттигана лахахьа юрт хилла,Нуьйрике олуш.И Нуьйрике-юрт йиллинарг Хьаьжий,Дуьрдий бохуш ши ваша хилла.Цу шина вешех схьабевлла бу Валаргт1ера Хьаьжин-некъий.<br>Нуьйрике-юрт лаьттинчу меттехь х1инца а ду кешнаш.Цигахь д1авоьллина ву Хьаьжий,Дуьрдий.<br>Шемалан заманчохь оьрсийн паччахьан эскар тоьллачу меттехь нохчийн кегий ярташ а ,к1отарш ца юьтура.Кегий к1отарш вовшах а етташ,яккхий ярташ йохкура.Иштта Валарг-юрт вовшахтухуш, нуьйрикехоша-Хьаьжин некъаша-Валарг-хина аьтту аг1ор Малхбалехьа шайна хийра волу стаг ца хаийтина,цундела цу юьртахь нах барт болуш,вовшийн гергара а хилла.<br>Валаргхоша дозалла до Иласхан-юьртара Кишин Хьажа веана хиларх.Иза т1ехь хиина 1ийна т1улг а,и меттиг а зиярат лоруш ду. (180 дош)<br><br>**Т1едилларш:**<br>1.Аьзнаш, элпаш къастаде «нохчийн» бохучу дешан(фонетически къастаде).<br>2.1-ра предложени синтаксически юьззина къастае.<br>3.7-чу предложенера цхьанатайпанара меженаш къастае,буха сиз хьакха. |
| **Хандешнаш.Хандешан спряженеш, церан нийсаяздар.** | **Сочинени** | **«Ненан мотт- сан дозалла»** |
| **Карладаккхар.** | **Шеран талламан диктант.** | **«Беркате аьхке»**<br>1алам! И дош доца делахь а, шен чулацам к1орггера болуш ду. Адамийн а, дийнатийн а, бецийн а, хьаннийн а дахар 1аламах хаьдда хила йиш йолуш дац. Лаьттахь долу дахар 1аламах дозуш, 1аламо латтош ду. Шен къайленах дуьззина, массо а хенахь шен хаза мур болуш ду 1алам. Х1ун къайленаш хир яра 1аламан? – аьлла хета тарло.<br>1алам дезаш хьо велахь, хьуна, и оьшуш йолу хаза книжка санна, деша хуур ду, цунах пайда оьцуш.<br>Хаза б1аьсте чекхъяьлла йолуш лаьттара.<br>Т1ейог1уш яра беркате аьхке.<br>Аьхке адамашна уггаре а каде мур бу.<br>Массо а акхарой, олхазарш шайн б1аьста дуьненчу евлла к1орнеш кхиош, 1алашъеш, уьш кога йохуьйтуш синтем боцуш лелара. Б1аьста санна, эшарш лоькхуш, ловзуш лела йиш яцара. 1уьйранна синбилгалонаш гучу ма-евллинехь хьала а г1аьттина хьо араваьлча, хьан б1аьрг кхийтира |

| | | |
|---|---|---|
| | | Органан тог1и чухула дижинчу дахкарах, ткъа бацалахь жовх1арш санна лепаш тхи дара. Хьуна хета тарло: и-м х1умма а доцург ма ду, аьлла. Иза иштта дац. Иза цхьа къайле яра…<br>1аламо шен къайленех пайда оьцуьйтур бу.<br>(160 дош) |

**«Нохчийн мотт» 1аморан низамехула мах хадоран г1ирсийн паспорт.**
**11 класс**

| № | Г1ирсийн ц1е | Ахшо | Тема | Кеп |
|---|---|---|---|---|
| **Синтаксис, пунктуаци, цхьалхе предложени** | | | | |
| 1 | Талламан диктант «Воккхачу стеган до1а» | 1 | Синтаксис, пунктуаци, цхьалхе предложени | Диктант |
| 2 | Изложени «Ненан дагалецамаш» | 1 | Предложенин цхьанатайпана меженаш | Изложени |
| 3 | Талламан диктант «Б1аьстенан аматаш» | 1 | Чолхе цхьаьнакхетта предложенеш. | Диктант |
| **Ма-дарра а, лач а къамел** | | | | |
| 4 | Сочинении «Ненан мотт,хьо баха бисалахь» | 2 | Ма-дарра а, лач а къамел. | Сочинени |
| 5 | Талламан диктант «Дуьххьарлера хьехархо» | 2 | 1амийнарг карладаккхар | Диктант |

| 11 класс<br>Нохчийн мотт | | |
|---|---|---|
| **Подлежащи-ний сказуеминий юккъехь тире.** | **Талламан диктант.** | **«Була»**<br>Нохчийн иллешкахь,дийцаршкахь,туьйранашкахь хьехош ду Була боху дийнат.Дуккха а адамашна ца хууш хила тарло була х1ун ю.<br>Була-иза уггаре даккхийчарах хьуьнан экха ду.Иллешкахь а,дийцаршкахь а дуьйцуш хир дацара иза вайн махкахь,вайн хьаннашца цхьана заманахь ца хиллехь.<br>Була хьаннийн дийнат,бергаш йолчу дийнатийн тайпана,нохдоккху хьайба ду.И дийнаташ чохь доцу хьун еса хетало.Уьш,адамаша шайна т1ехь 1уналла деш,парг1атехь,хуьнхахь дехаш акха хьайбанаш ду.Церан лелар тобанашца хуьлу,исс-итт бежана цхьаьна а долуш .Вайн хьаннийн акхаройх иза уггаре доккха а,зоьртала а ду.Цуьнан терзанан барам цхьа эзар ши б1е кийлане кхочу.<br>Т1ехьаьжча була буьрса экха делахь,иза адамашна зуламе дац.<br>Буланаш дебийтар а,1алашъяр адекхар ду массеран а.Иза хууш,хьуьнан белхалоша церан дола а до.1ай уьш меца ца лелийта,хьалххе докъаран литтанаш д1ах1иттадо,т1е мотт хьекха туьхан г1орзанаш а охьайохку.<br>Була Ц1ечу книги т1е д1аязйина ю,и ларъярхьама.<br>Несаран а,Итон-Кхаьллан а лаьмнашца ду и экха. Адамах и ца къаьхка,ша 1алашдо дела.(175 дош).<br>**Т1едилларш:**<br>1.Хьалхара предложени морфологически талла<br>2.2-3 предложенера ц1еран х1оттаман сказуеми карade,буха сиз хьакха. |
| **Предложенин цхьанатайпана меженаш.** | **Изложени** | **«Ненан дагалецамаш»**<br>Цхьа к1ант хилла къеначу ден-ненан. Дукха везара царна иза. К1ант кхиъна ваьлча, ломахь г1арабаьлла дика динний, г1ирссий, т1емалочун духаррий кечдира дас. Цхьана дийнахь юьртара к1ентий кечбелира ламанца сакъера баха. Цхьаъ бен воцу к1ант а вахара цаьрца. Ц1еххьана ирча кхаъ беара лаьмнашка: мостаг1 ву т1ег1ерташ, аьлла, цо буржалш дахьа ламанхошна тоха, *леш* бина, уьш бацо.<br>Х1орш д1акхаьчча, мостаг1ашца т1аме х1иттира. Къаьсттина ч1ог1а т1ом *беш* вара цхьа цавевза т1емало. Цецваьлла висира массо стаг.<br>– Мила ву и т1емало? – хаьттира цхьаболчара.<br>– Иза дика т1емало ву, – элира вукхара.<br>Берриг шайн ницкъ гулбира мостаг1аша. Массо а цхьаьний т1елетира уьш оцу турпалхочунна. Вуьйжира к1ант. Т1аккха т1етаь1ира ламанхой мостаг1ашна. Х1аллакбира цара уьш.<br>Болатан гlаґl малхехь къегаш, баттах йолчу юьхьа т1ера сирла нур г1уьттуш, нана ехачу керта вахьаш вара к1ант.<br>– Собарделаш! – элира хьалхаваьллачо. – Вежарий! Сан ницкъ кхочур бац к1ентан нене хlара д1ахаийта. Со кхоьру х1окху бохамо нана а ерна. |

| | | |
|---|---|---|
| | | Мила ву шуна юккъехь маттана говза, нене хlара д1адалхо?<br>Массара а кортош охьаохкийра. Хьалха велира къоьжа корта болу стаг.<br>– Схьаба суна дечган пондар, цо дуьйцур ду нене говзачу, хазачу маттаца к1ант валар. Лалур бу цуьнга и ирча кхаъ.<br>Схьабеара пондар. Делха дуьйladелира пондаран мерзаш. Шен пондарца тобанна хьалхавелира воккха стаг. Араелира к1ентан нана. Цунна гира, вистхуьлуш стаг воцуш, г1айг1ано кортош *ох*кийна, т1емалой, хезира бекаш, боьлхуш пондар.<br>Буьйсанна декачу олхазаран эшарх тарлуш, набарна бер дижо нанас олучу аганан иллех тарлуш, бекара пондар. Пондаро дуьйцура нанас шен цхьаъ бен воцу к1ант мел везаш кхиийна.<br>Ц1еххьана пондаран мерзаша ламанан лечанан гlергlар, лоьман ц1ийзар, берзан угlар хазийра. Цо дуьйцура к1ант майра, доьнал долуш кхиар.<br>Т1аьххьара а, т1еман герзаш вовшахдетталущ санна, къора бийкира пондар. Хеталора: т1еман марсаллехь майрачу к1антана т1ера барзакъ болатан г1овг1анца декаш санна. Т1аьххьара сирла ц1ена аьзнаш г1евттира пондаран мерзех. Уьш декара маьлхан з1енарех тарделла. Хетара цара дуьй*цу*Даймехкан хазаллех, ирсечу дахарх, Даймехкан дуьхьа эгнарш цкъа а лийриг цахиларх.<br>Боьлхура пондар, тийжара пондар. Ладоьг1ура к1ант винчу нанас. Гора цунна бармахь дакъа. Вистхуьлуш цхьа а воцуш, кортош охкийна лаьттара т1емалой. Кхийтира нана. Бармахь 1уьллург кхуьнан к1ант вара. Дуьххьара араваьллера иза нене ца хоттуш. Иза майра леттера мостаг1ех. Дуккха а х1аллакбира цо уьш. Велира ша а. Велира даима ваха. Боьлхура пондар, тийжара пондар.<br>– Ас декъалво хьо, сан к1ант! – мохь туьйхира нанас.<br>– Оха декъалво хьо! – йийкира тоба. Боьлхура пондар, тийжара пондар. Оьгура ненан б1аьргех довха хиш.<br>**Хьесап:**<br>Цхьа к1ант хилла къеначу ненан.<br>2. Ц1еххьана ирча кхаъ беара лаьмнашка.<br>3. Берриг шайн ницкъ гулбира мостаг1аша.<br>4. Хьалхавелира къоьжа корта болу стаг.<br>5. Схьабеара пондар.<br>6. Делха дуьйладелира пондаран мерзаш.<br>7. Боьлхура пондар, тийжара пондар.<br>8. Оьгура ненан б1аьргех |
| **Синтаксис, пунктуаци, цхьалхе предложени** | **Талламан диктант.** | **«Воккхачу стеган до1а»**<br>Цхьа-ши г1улч йоккхуш,цецволий д1асахьожуш,т1аккха а масех г1улч йоккхуш,лелара воккха стаг.<br>Пхоьазза т1ек1елдина хиллачу ц1еношна юххе а вахана,1асанна т1е а таь1на,сецира иза.Бомбанаша аьтта д1аяхийтинера кхузахь б1аьрга мел гуш йолу г1ишло.<br>Т1аккха,лекха нохчийн холхозан куй д1а а баьккхина,киснара схьадаьккхина йовлакх коьртах |

| | | |
|---|---|---|
| | | хьаькхира цо.<br>Арахь йовха яцара.Кхузткъе итт шо сов хан хир йолуш воккха стаг лаьттара дег1е дагар детташ…<br>Ц1еххьана когаш чуьра са д1адаьлча санна,цхьа тамашийна охьалахвелира иза…Со сихха т1еволавелира.Со а гина,воккха стаг,шегара даьлла цхьа г1алат суна ца гайта г1ерташ санна,хьалаайавелира.Маршалла а хаьттина,дог лаза-м ца даьлла хьан,аьлла,хаьттира ас.<br>-Х1ан-х1а!..Лаза сан дог дисина,моьттуш а ма вац со-м!<br>-Х1окху ц1енош чохь 1аш гергара нах бара хьан?<br>Воккха стаг,цхьа тамашийна соьга схьа а хьаьжна,д1авирзира…Шен б1аьрхиш суна ца гайта г1ертара иза.<br>Дуккха лаьттира тхойшиъ,вист а ца хуьлуш…<br>-Сан к1ентан х1усамаш яра кху чохь…Х1инца к1ант а вац,цунах йисина х1усамаш а яц…<br>Т1аккха, куй д1а а тиллина,дег1 нисдеш д1а а х1оьттина,до1а дан х1оьттира.Ас т1аьхьара «амин» а олуш,дехха дира воккхачу стага до1а.(170 дош).<br>**Т1едилларш:**<br>1.Хьалхара предложени юьззина синтаксически къастае.<br>2.Айдаран,хаттаран предложенешна буха сиз хьакха. |
| **Чолхе цхьаьнакхетта предложенеш.** | **Талламан диктант.** | **«Б1аьстенан аматаш»**<br>Б1аьстенан 1уьйре. Лаьмнаш т1ехьара схьакъедира сирла малх. Цуьнан з1аьнарш хьуьнан диттийн баххьашкахула кхерстира. Коьллашна а, бацана а т1едиллинчу тхин т1адамаш лепара бес-бесарчу басаршца. Ехачу буса тийнна дижина 1иллича санна, набарх долуш лаьттара 1алам.<br>Б1аьстенан маьлхана доьлура 1алам: хьун, акхарой, сагалматаш. Хьаннийн татолийн бердашца девллачу таьллаша уггар хьалха хаийтира б1аьсте йолуш юйла. Цуьнан дуткъачу нийсачу гаьннаш т1ехь гуш заза дара. Толлан заза, дешица кхеличa санна, можа-ц1ен бос болуш хуьлу.<br>Оцу хазачу зазанна т1ехь шайн болх д1аболийра накхармозаша.<br>Халкъо дукха хьалха дуьйна пайдаоьцуш билгалъяьккхина дечиг ю талл. Хин хьерашна т1едог1учу татолийн бердаш т1ехь кхуьу таьллаш. Царна оьшуш дац хьена латта.<br>Дагарца хадийна баьккхина сара а, хьокха а д1абоьг1ча денлой, сихха доккха дитт хуьлий д1ах1утту, шен даккхийчу к1оргачу орамашца бердан йистош ч1аг1ъеш.<br>Таьллийн генашлахь б1аьстенан муьрехь шайн хаза эшарш лоькхуш деха зарзарш.<br>Б1аьсте! Ирзуш, тог1еш, некъан йистош, бошмаш, баьццара къорза куз тесча санна зезагаша хазйой хуьлу. Оцу баьццарчу дуьненахь инзаре дукха зезагаш ду шайн беснаш тайп-тайпана долуш. (154 дош) |
| **Ма-дарра а, лач а къамел.** | **Сочинении** | **«Ненан мотт,хьо баха бисалахь»** |

| | | |
|---|---|---|
| | | |
| **Карладаккхар.** | **Шеран талламан диктант.** | **«Дуьххьарлера хьехархо»**<br>Тхешан куьпарчу берашца ишколе йигира со а. Мел хаза хетара суна! Моьттура, дерриге дуьне оцу сайн жимчу т1оьрмиг чохь ду, цу чуьрчу абато со цхьана тамашийначу ирсе кхачор ю.<br>Лулахойн бераша хьехархочуьнга д1аелира со.<br>Тхан йишин Элитин хенара йо1 яра иза. Х1етахь дуьйна дуккха а шераш д1адевлла. Амма суна цкъа а диц ца ло и де а, сайн дуьххьарлерчу хьехархочун сурт а. Х1инца а гуш санна хета цуьнан эсала, екхна, к1айн горга юьхь, къинхетаме б1аьргаш, букъ буьззина ловзу стомма 1аьржа ши ч1аба, д1аса т1емаш тесна даьржина 1аьржа ц1оцкъамаш, к1еда аз.<br>Суна а, тхуна массарна а Белител дагна хьоме адам дацара. Цо т1еюьйхина муьлхха коч, тиллина йовлакх, лергех оьхкина ч1агарш, когара мачаш – уьш механа мел йорах хиллехь а, тхуна исбаьхьа хетара. Тхо дерриш а цунах тардала<br>г1ертара. Тхуна юккъехь тасаделла доттаг1алла милла а хьоьгур волуш, довха, безаме дара.<br>Массанхьа а тхоьца яра Белита. Х1инца а ойла йо ас: цо ешаза книга, цунна ца хууш х1ума хила а хиллий техьа?<br>Муьлхха хаттар шега даларх, эсала ела а къежий, нийса жоп лора цо. Дуьйцура муьлххачу а книгах лоций. Ткъа туьйранаш! Цкъа а к1ордор дацара цаьрга ладог1а.<br>(180 дош) |